

PWOGRAM PEYAJ DISTRI SANT BIZNIS (CBD) DÈNYE EVALYASYON SOU ANVIWÒNMAN AN Rezime

Avril 2023

Ajans Federal ki Pran Latèt



U.S. Department
of Transportation

**Federal Highway
Administration**

Sipòtè Pwojè yo



**Department of
Transportation**



Grenn rezon ki fè yo tradui Rezime a nan nenpòt lòt lang apati vèsyon ofisyèl Anglè a se pou Moun Ki Pa Metrize Anglè Byen (LEP) oswa moun ki prefere li dokiman an nan lang matènèl yo ka patisipe byen fasil nan moman yo bay pou piblik la bay avi l la.

SA DOKIMAN AN GEN LADAN L

KISA KI PWOGRAM PEYAJ DISTRI SANT BIZNIS LA?ES-2

Ki kote yo pwopoze Pwojè a?.....	ES-2
Kijan moun ak machandiz antre ak sikile nan CBD Manhattan jodi a?.....	ES-2
Ki kote k ap pwofite de avantaj ak rezilta pwojè a?.....	ES-3
Kisa Evalyasyon sou Anviwònman (EA) a ye e poukisa li nesèsè pou Pwojè sa a?.....	ES-3

POUKISA YO ANVIZAJE PWOGRAM PEYAJ CBD A?ES-5

BI, BEZWEN AK OBJEKTIF PWOJÈ AES-6

Poukisa nou bezwen diminye blokis?.....	ES-6
Poukisa nou bezwen lajan pou envesti nan transpò?.....	ES-6
Ki objektif Pwojè a?.....	ES-7

KISA KI LÒT OPSYON POU PWOJÈ A YE?.....ES-8

Okenn Lòt Aksyon.....	ES-8
Opsyon Peyaj CBD (Lòt Aksyon).....	ES-11
Konsekans Pozitif ak konsekans Negatif: Kisa ki enpòtan pou m konnen sou senaryo pèman nan Opsyon Pèman CBD a?.....	ES-11
Montan Pèman Pou Kamyon.....	ES-13
Lè nan Jounen an.....	ES-13

KIJAN OPSYON AKSYON AN KORESPONN AK OBJEKTIF PWOJÈ A?ES-14

Ki enpak Pwojè a ap genyen?.....	ES-14
Ki enpak Pwojè genyen sou aspè ki gen rapò ak sante ak anviwònman popilasyon yo?.....	ES-15
Chofè ki gen Revni ki Fèb.....	ES-15
Taksi ak FHV yo.....	ES-18
[Chanjman nan kominote ki gen moun ki gen po fonsè e k ap viv anba limit povrete a.....	ES-18
Lè Ki Polye akoz trafik ak trafik kamyon.....	ES-18
Pratik, tandans ak fado ki te genyen anvan nan sa ki gen rapò ak tè yo ak transpò.....	ES-19
Rapò sou enpak sikilasyon kamyon yo genyen.....	ES-19
Rapò sou enpak sikilasyon kamyon yo genyen.....	ES-20
Diminye kantite moun k ap pran lòt wout pou yo pa peye tarif peyaj la.....	ES-20
Èske dispozisyon pou diminye enpak yo ap chanje rezilta EA a?]	ES-24
Nan ki fason piblik la patisipe?.....	ES-26
Gwoup Konseye Teknik Jistis Anviwònmanal.....	ES-26
Gwoup Moun ki Konsène k ap Travay nan Jistis Anviwònmanal.....	ES-26

KI EFÈ PWOJÈ A FÈ SOU PWOPRIYETE SEKSYON 4(f) LA?.....ES-49

Imaj

Imaj ES-1. Zòn Etid Rejyon Awondisman-28.....	2
Imaj ES-2. Moun k ap Antre [e k ap sotij] CBD Manhattan (an kantite).....	3
Imaj ES-3. Zòn nan Vil la ki gen plis Blokis (2021).....	5
Imaj ES-4. Zòn Resous ak Evalyasyon Enpak yo nan EA.....	15
[Imaj ES-5. Sektè resansman nan kominote kote po moun yo fonsè e y ap viv anba limit povrete a ki deja gen Eleman Chimik nan anviwònman yo ak maladi kwonik kote Kamyon Sikile Toupre yo ka wè vin gen yon ogmantasyon (Senaryo Peyaj E)].....	20

Tablo

Tablo ES-1. Rezilta Evalyasyon Premye Faz Lòt Opsyon yo ¹	9
Tablo ES-2. Senaryo Peyaj yo Evalye pou Opsyon Peyaj CBD	12
Tablo ES-3. Konparezon Rezilta Evalyasyon yo pou Okenn Aksyon ak Opsyon Pèman CBD	14
<i>[Tablo ES-4. Dispozisyon ki pran pou gen rediksyon ki baze sou rejyon an ak kote a]¹</i>	<i>22</i>
Tablo ES-[5]. Rezime Benefis ak Efè pou Opsyon Peyaj CBD pa Rapò a Senaryo Peyaj yo.	29
<i>[Tablo ES-6. Rapò Konsènan Lòt Apwòch pou Mete Sou Pye Pwogram Peyaj CBD pou Diminye Enpak yo epi Amelyore Dispozisyon ki Pran yo].....</i>	41

NÒT KI NAN FEN PAJ LA	50
------------------------------------	-----------

Rezime Evalyasyon sou Anviwònman an (EA) pou Pwogram Peyaj Distri Sant Biznis (CBD) la (Pwojè a) prezante yon gwo nivo rezime Pwojè a, ki gen ladan l:

- Bi, Bezwen ak Objektif Pwojè a
- Lòt Opsyon ki genyen yo
- Konsekans Pwojè a
- Rezilta Prensipal

Nou ka jwenn plis detay ki gen rapò ak enfòmasyon ki nan Rezime sa a nan chapit ki enpòtan yo ak nan apendis EA yo.

[Dapre kòmantè nou te resevwa pandan peryòd nou te bay piblik la pou yo di sa yo panse a, e pandan lòt deba ki te fèt ak Gwoup Konseye Teknik Jistis Pou Anviwònman an, ansanm ak konsèy nan men FHWA, nou te revize EA a, e sa fè nou gen yon vèsyon Final EA pou Pwogram Peyaj CBD a. Lè w wè sig "EA" a, sa vle di vèsyon Final EA disponib pou piblik la nan lane 2023, sof si nou ta di yon lòt bagay. W ap jwenn detay sou diferans ant EA ak vèsyon Final EA a nan "Pawòl Entwodiksyon" an.]

KISA KI PWOGRAM PEYAJ DISTRI SANT BIZNIS LA?

Triborough Bridge ak Tunnel Authority (TBTA) - yon filial Metropolitan Transportation Authority (MTA) - ak New York State Department of Transportation (NYSDOT) ki met ansanm, avèk Sipòtè Pwojè yo) **Pwogram Peyaj Distri Sant Biznis (CBD)** (Pwojè a). Pwojè a, yon kategori tarif pou blokis, ap fè machin k ap antre oswa rete nan CBD Manhattan yo peye yon fason pou diminye blokis epi rantrè lajan pou finanse 15 milya dola pou amelyore sistèm tren ki pase anba tè, bis ak tren ki pase sou tè nan Plan Capital 2020–2024 MTA a oswa Plan ki vin annapre yo.

Ki kote yo pwopoze Pwojè a?

CBD Manhattan gen ladan l zòn jeyografik sid Manhattan ak 60th Street. Franklin D. Roosevelt (FDR) Drive ak West Side Highway/Route 9A, Battery Park Underpass ak nenpòt pòsyon wout Hugh L. Carey Tunnel ki konekte ak West Street (the West Side Highway/Route 9A) pa ladan l.


CBD Manhattan se sant komès yon bann rejyon metwopoliten 28 awondisman nan New York, New Jersey, ak Connecticut ki antoure Vil New York ak nan Vil New York (**Imaj ES-1**). Lè yo mete 28 awondisman sa yo ansanm yo gen 22.2 milyon moun k ap viv ladan yo ak plis pase 10.7 milyon travay, sa ki fè li se rejyon metwopoliten ki pi laj e ki gen pi gwo ekonomi nan Etazini.

Vil New York pou kont li gen an total 4.6 milyon (43 pousan) travay nan rejyon an ak 8.4 milyon (38 pousan) popilasyon nan rejyon an.¹ CBD Manhattan bay 1.5 milyon travay, 450 milyon pye kare biwo ak plis pase 617,000 abitan.² Li se yon destinasyon rejyonal ak nasyonal pou komès, detant ak touris. **Chapit 1, "Entwodiksyon"** an bay plis enfòmasyon sou sa Pwojè a gen ladan l.

Kijan moun ak machandiz antre ak sikile nan CBD Manhattan jodi a?

Manhattan konekte avèk rès rejyon an atravè ven pon ak tinèl pou machin, atravè twa wout tren sou tè ki pi gwo nan nasyon an, sistèm tren anba tè ki pi gwo, epi atravè senk sistèm transpò pa bis ki pi gwo nan Etazini,³ ak sèvis bak prive ak piblik, ak sèvis tram. Pi fò nan transpò piblik la fèt 24 èdtan pa jou/7 jou pa semèn/365 jou pa ane. **Chapit 4, "Transpò," Pati nan chapit la ki se 4B, "Transpò: Otowout ak Entèseksyon," ak Pati nan chapit la ki se 4C, "Transpò: Transpò"** bay detay sou otowout, tren, ak sistèm transit yo.


Imaj ES-1. Zòn Etid Rejyon Awondisman-28



Sous: ESRI, NYC Open Data, NYMTC 2020 TransCAD Highway Network

Moun k ap vwayaje ale CBD Manhattan rive nan transpò piblik (tren sou tè, tren anba tè, bis, tram, bak ak paratranzit), yo mache oswa vini sou bisiklèt, oswa vwayaje nan machin, taksi, veyikil pou anplwaye (FHV), oswa kamyon. Pifò moun k ap antre CBD Manhattan itilize transpò piblik, ni pou travay ni pou detant. Dapre According to the New York Metropolitan Transportation Council (NYMTC) *Hub Bound Travel Data Report*, Anviwon 7 665 000 moun antre e soti CBD Manhattan chak semèn nan 2019 la, prèske de fwa popilasyon Los Angeles, California (Imaj ES-2).⁴ Swasant kenz pousan vwayaj sa yo te fèt gras a transpò piblik, men yo te fè yon

Imaj ES-2. Moun k ap Antre [e k ap soti] CBD Manhattan (an kantite)



Sous: NYMTC Hub Bound Travel Data Repoerr, 2019

estimasyon 1,856,000 (24 pousan) te fèt nan machin, taksi, ti bis, oswa kamyon.⁵ [Dapre sondaj *American Community Survey te fè nan lane 2012-2016 la, moun k ap deplase yo vin itilize transpò piblik pi souvan pou yo rive nan CBD Manhattan nan, gen 85 pousan ki pran transpò piblik e 11 pousan sèvi ak machin yo.*⁶]

estimation 1,856,000 (24 pousan) te fèt nan machin, taksi, ti bis, oswa kamyon.⁵ [Dapre sondaj *American Community Survey te fè nan lane 2012-2016 la, moun k ap deplase yo vin itilize transpò piblik pi souvan pou yo rive nan CBD Manhattan nan, gen 85 pousan ki pran transpò piblik e 11 pousan sèvi ak machin yo.*⁶]

Ki kote k ap pwofite de avantaj ak rezilta pwojè a?

Rejyon metwopoliten 28 awondisman an se zòn prensipal pou moun pran transpò pou antre ak soti CBD Manhattan. Pwojè a ap gen konsekans sou fason moun vwayaje nan CBD Manhattan ak nan lòt pati rejyon an. Fason moun vwayaje chanje plis lè n ap pwoche e lè n rive andan CBD Manhattan nan. Pou evalye avantaj ak konsekans negatif Pwojè a, EA itilize yon konbinezon zòn etid 28-awondisman an ak plizyè zòn etid lokal. Zòn etid lokal yo chanje sa depan de pwoblèm yo chèche pou yo ka wè ki rezilta yo bay. Pa egzanp, yo itilize zòn etid lokal la pou evalye efè vizyèl ki asosye avèk enstalasyon enfrastrikti pèman epi ekipman sistèm pèman an pi piti pase zòn etid lokal la pou evalye chanjman nan kalite lè a. "Plan Analiz sou Anviwònman" ki nan **chapit 3 a**, gen lòt konvèsasyon konsènan domèn etid sa yo nan chak chapit nan tout EA a.

Kisa Evalyasyon sou Anviwònman (EA) a ye e poukisa li nesesè pou Pwojè sa a?

Anvan yon ajans Federal pran yon desizyon, National Environmental Policy Act (NEPA) egzije ajans Federal la pou l konprann epi pataje konsekans desizyon an gen sou anviwònman an. Wòl yon EA (40 CFR §1501.5) se garanti ajans federal yo konsidere konsekans aksyon yo fè sou anviwònman an lè y ap pran desizyon (40 CFR §1500.1(a)). Pou yon aksyon ki pwopoze ki pa gen chans gen konsekans grav, oswa lè yo pa konnen ki gwosè konsekans lan ap ye (40 CFR §1501.5(a)), EA a la pou montre ki gwosè konsekans negatif yo ye. Si konsekans negatif yo pa grav oswa yo ka diminye yo pou yo vin nan yon nivo ki pi ba, ajans Federal la ka sòti yon Rezilta ki di li Pa gen Efè Grav (FONSI) (40 CFR §1501.6). Si gen konsekans grav ki pa ka kontwole, ajans Federal la dwe devlope yon Deklarasyon Konsekans sou Anviwònman (EIS) k ap antre nan yon Dosye pou Desizyon (ROD).

Value Pricing Pilot Program (VPPP) ak National Environmental Policy Act (NEPA)

Kongrè Ameriken an te mete VPPP sou pye antanke Pwogram Pilòt Tarif pou Blokis nan ane 1991, li ba l yon lòt non nan lane 1998 e li la pou l pwouve si plan peyaj pou blokis la ka diminye blokis e kijan l ap rive fè sa, toutpandan y ap chèche konsekans plan sa yo gen sou "konpòtman chofè a, gwosè trafik la, transpò sou bisiklèt ak moto, kalite ak disponiblite fon pou pwogram transpò yo."

NEPA antre ann aplikasyon nan lane 1970 e li egzije ajans Federal yo evalye efè aksyon ki pwopoze yo sou anviwònman an anvan yo pran desizyon. Se FHWA k ap bay apwobasyon pou Pwojè a fèt dapre VPPP e poutèt sa li dwe pase nan NEPA a.

Sous:

FHWA. "Value Pricing Pilot Program."

https://ops.fhwa.dot.gov/congestionpricing/value_pricing/index.htm

Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini. "What is the National Environmental Policy Act."

<https://www.epa.gov/nepa/what-national-environmental-policy-act>

Kèk wout nan CBD Manhattan fè pati Sistèm Otowout Nasyonal epi gen kèk ki amelyore avèk fon ki soti nan gouvènman Federal. Pou fè tout moun sou wout sa yo peye, Sipòtè Pwojè yo bezwen apwobasyon U.S. Department of Transportation's Federal Highway Administration (FHWA), nan ka sa a Atravè Value Pricing Pilot Program (VPPP) yo a. Lè FHWA verifye aplikasyon yon sipòtè pwojè a voye bay VPPP nan entansyon pou pran yon desizyon, li dwe respekte NEPA a.

FHWA, antanke ajans Federal ki pran latèt pou pwosesis NEPA a, deside yon EA se aksyon ki pi apwopriye pou Pwojè sa a paske prensipal objektif Pwojè sa vize se chanjman nan fonksyonman yo, avèk ti kras konsekans fizik sou anviwònman an. Apwòch pou diminye blokis nan CBD Manhattan nan gen konsekans pozitif sou kalite lè a ak kalite vi a.

FHWA rekonèt Pwojè a ka gen konsekans sou aspè ki gen rapò ak sante ak anviwònman popilasyon yo. Nan sans sa a, FHWA te mande pou pwosesis NEPA gen ladan l amelyorasyon sansibilizasyon piblik ak koòdinasyon avèk ajans Federal ak resous leta yo.

POUKISA YO ANVIZAJE PWOGRAM PEYAJ CBD A?

Blokis la poze yon pwoblèm nan CBD Manhattan nan pandan plizyè ane,⁷ epi se youn nan pi gwo pwoblèm règleman nan Vil New York ki pi ki difisil depi plizyè jenerasyon. Pandan popilasyon rejyonal la ak komès la ap grandi, trafik la fè fas avèk regilarite sa a pandan plizyè ane, menm gen yon nouvo mo ki kreye pou dekri l: gridlock (ki vle di blokis).⁸

NYDOT, MTA ak lòt ajans transpò yo mete anplas pwogram pou diminye blokis, ak amelyore transpò, pyeton ak aksè bisiklèt anndan e pou antre CBD Manhattan. NYCDOT chanje pakin ki bò wout yo pou mete kote pou bisiklèt pase epi ogmante espas pou pyeton pase grasa twotwa ak bit nan ang yo. Li chanje liy ki bò wout yo ak liy ki fèt pou trafik pou dedye kèk liy sou sèten gran wout nan Manhattan ak ri sid-lwès, transvèsal yo.

Anplis, MTA ak lòt ajans transpò ofri rabè sou pri transpò pou granmoun, andikape ak timoun ki gen laj pou lekòl, epi nan kòmansman ane 2022 a, MTA te mete sou pye limit nan tarif yo nan kad nouvo sistèm pèman li fenk mete sou pye a (OMNY), sa ki bay kliyan yo posibilite pou yo gen vwayaj gratis, ilimite pandan rès semèn nan lè yo depanse \$33 (ki egal ak 12 vwayaj). Anpil anplwaye patisipe nan pwogram Federal ki pèmèt anplwaye itilize lajan anvan taks pou peye transpò, e plizyè konpayi adopte orè travay ki fleksib ak opsyon pou travay a distans.

Imaj ES-3. Zòn nan Vil la ki gen plis Blokis (2021)

Etazini
1. New York, NY
2. Chicago, IL
3. Philadelphia, PA
4. Boston, MA
5. Miami, FL

Sous: INRIX, 2021

Malgre desizyon sa yo ki la pou diminye blokis la e malgre li gen rezo transpò piblik ki pi gwo e ki pi solid la, blokis la kontinye. An 2020 ak 2021, Blokis nan Vil New York la nan tèt klasman pou vil nan Etazini ki gen plis blokis. (Imaj ES-3).⁹

Otorite Eta ak Vil New York yo ak moun ki konsène yo ak gwoup avoka yo te fè plizyè etid pandan 45 ane ki sot pase yo pou chèche fason ki pi efikas pou abòde blokis la nan CBD Manhattan. Etid sa yo te vize dirèkteman pèman kont blokis, oswa entwodiksyon pèman dapre nivo trafik la, kòm zouti ki pi efikas. **Chapit 2, "Lòt Opsyon pou Ranplase Pwojè a", ak Apendis 2A, "Lòt Opsyon pou ranplase Pwojè a: Etid ak Nosyon yo te Anvizaje Anvan yo,"** bay plis enfòmasyon sou lòt opsyon ak etid sa yo.

BI, BEZWEN AK OBJEKTIF PWOJÈ A

Bi pwojè a se pou diminye blokis nan CBD Manhattan nan yon fason ki pral rantrè lajan pou amelyorasyon transpò a alavni, pandan y ap konsidere VPPP FHWA a.

Poukisa nou bezwen diminye blokis?

Vitès vwayaj ki fèb ak lè vwayaj ki pa fyab pou antre, soti, ak anndan CBD Manhattan ogmante lè transpò pou al travay ak lè vwayaj pou mwayen transpò k ap itilize wout yo, pwodiktivite travayè, diminye kalite sèvis bis ak paratranspò, ogmante depans livrezon ak an jeneral depans pou fè biznis ak retade mwayen transpò ijans yo. Konsa, gen yon bezwen pou diminye blokis nan CBD Manhattan pou amelyore fyabilite ak efikasite sistèm transpò a.



Poukisa nou bezwen lajan pou investi nan transpò?

"Sèl fason pou n elimine blokis la nan Manhattan ak zòn alantou yo se amelyore transpò piblik la."

Regional Plan Association, Regional Plan News, No. 82, Fevriye 1966

An jeneral transpò a enpòtan pou ekonomi Vil New York ak moun k ap viv nan rejyon an, travayè, vizitè epi investisman k ap kontinye nan transpò a nesè pou pèmèt depasman ak aksesibilite kontinye. **[Annefè, sistèm transpò piblik MTA a, espesyalman rezo bis la, ankourake egalite lè n bay sèvis nan kominote kote moun pa antre anpil lajan e ki diferan.]**

Nan lane 2019, tren anba tè MTA yo te transpòte 1.7 milya pasaje e bis MTA te pote 677.6 milyon pasaje, bay aksè pou travay, swen sante, edikasyon ak yon bann opsyon sèvis ak amizman ki disponib nan tout Vil New York. 10 estasyon tren anba tè ki pi okipe nan sistèm MTA nan CBD Manhattan, ak de nan 10 wout bis MTA ki pi okipe twouve yo nan CBD Manhattan oswa sèvi CBD Manhattan.¹⁰ Wout Tren sou tè Long Island ak Wout Tren sou tè Metro-North te sistèm wout tren ki te pi okipe nan Etazini an 2019, epi Penn Station New York ak Grand Central Terminal, toude nan CBD Manhattan, se de estasyon tren ki te gen plis moun nan Amerik Dinò.¹¹

MTA anplwaye anviwon 70,000 moun, sa ki fè li se youn nan pi gwo konpayi endividyèl nan Eta Nouyòk (pi gwo pase anpil ti vil). Atravè kapital li depanse, chak ane MTA enjekte plizyè milya

Kantite Blokis

Sa Blokis la Koute: 102 èdtan ki pèdi; prèske 1595\$ pa ane pa chofè nan rejyon Vil New York.

Vitès Trafik: Diminye a **[23%]** nan CBD Manhattan, soti 14.65 km pa lè (mph) a 11.43 kmph ant 2010 a 2019.**

Enskripsyon FHV: Triple nan Vil New York, soti nan pi piti pase 40,000 pou rive nan plis pase 120,000 ant 2010 ak 2019. Akoz konsekans pandemi COVID-19 la ak limit vil la kenbe pou enskripsyon FHV yo, kantite vwayaj FHV ki fèt rive nan 70,000 nan mwa Avril 2022 a.†

Vitès Bis Lokal: Desann nan nivo 28% nan CBD Manhattan depi 2010. Vitès Mwayen Select Bus Service (sèvis transpò rapid bis Transpò Vil New York) k ap fè Manhattan 19% pi dousman pase Select Bus Service k ap antre nan lòt awondisman yo.††

Sous:

* INRIX 2021 Global Traffic Scorecard. <https://inrix.com/scorecard-city/?city=New%20York%20City%20NY&index=5>

** NYCDOT. Out 2019. New York City Mobility Report. <https://www1.nyc.gov/html/dot/downloads/pdf/mobility-report-print-2019.pdf>.

† New York City Taxi ak Limousine Commission ak NYCDOT. Jen 2019. *Improving Efficiency and Managing Growth in New York's For-Hire Vehicle Sector*, done vwayaj FHV TLC NYC.

†† NYCDOT. Out 2019. New York City Mobility Report. <https://www1.nyc.gov/html/dot/downloads/pdf/mobility-report-print-2019.pdf>. New York City Transit analysis.

dola nan ekonomi lokal la, nan gwo pwojè enfrastrikti ak fonksyònman jou aprè jou ak pwogram antretyen, li sipòte yon fason endirèk plizyè milye travay anplis ki reprezante plis pase travay dirèk li fè.¹²

Apati 2017, ajans fonksyònman MTA yo angaje yo nan pwojè pou abòde kèk koz fondamantal ki fè sèvis yo ap desann ki te kòmanse an 2010 epi fè amelyorasyon nan enfrastrikti tren sou tè ak tren anba tè. Jan li dokimante nan Pwogram Kapital 2020–2024 MTA a, pwojè sa yo lakoz bonjan rediksyon nan reta yo ak amelyore pèmans yo atan.¹³

Eleman sistèm tren sou tè ak tren anba tè MTA yo gen plis pase 100 lane, e gen bezwen enfrastrikti esansyèl ki rete pou garanti bon reparasyon ki fèt epi aranje transpò ak wout tren MTA yo pou 21yèm syèk la. Pwogram Enfrastrikti 2020–2024 la gen pou objektif pou l "fè reyalizasyon sa yo, epi asire amelyorasyon yo mete anplas yo ap dirab pou ane k ap vini yo."¹⁴ Pwogram nan idantifye 52.0 milya dola investiman¹⁵ nan tren, bis ak wout tren rejyon yo. Sa ki pi ba yo se prensip prensipal Pwogram Enfrastrikti 2020–2024 la.

- Investiman pou amelyore fyabilite
- Vwayaje nan anviwònman ki dirab
- Konstwi yon sistèm transpò ki aksesib pou tout moun k ap viv Nouyòk
- Fasilite trafik la epi kreye pwogrè
- Amelyore sevis sekirite ak kliyantèl pa mwayen teknoloji¹⁶

Ki objektif Pwojè a?

FHWA ak Sipòtè Pwojè yo fikse objektif sa yo pou plis defini bi Pwojè a e abòde bezwen ki dekri pi wo yo.

- Diminye kantite milyaj mwayen transpò a kouri (VMT) nan CBD Manhattan pou omwen 5 pousan
- Diminye kantite mwayen transpò k ap antre CBD Manhattan chak jou pou omwen 10 pousan
- Kreye yon sous finansman pou bonjan amelyorasyon e kreye ase revni chak ane pou bay 15 milya dola pou finance bonjan pwojè pou Pwogram Enfrastrikti MTA a
- Mete sou pye yon pwogram peyaj ki apwopriye avèk objektif ki dekri nan lwa eta New York la ki nan MTA Reform and Traffic Mobility Act la¹⁷

KISA KI LÒT OPSYON POU PWOJÈ A YE?

FHWA ak Sipòtè Pwojè yo evalye yon kantite lòt opsyon pou premye faz la kont bi, bezwen, ak twa sou kat objektif pwojè a (**Tablo ES-1**). **Chapit 2, "Lòt Opsyon pou Pwojè a,"** bay analiz sa a ak plis detay. Lòt opsyonv Pèman CBD se opsyon ki reponn ak bi, bezwen ak twa objektif Pwojè a. Konsa, pou bi EA sa a, gen de opsyon:

- **Okenn Lòt Opsyon**, ki p ap reyalize yon pwogram peyaj pou mwayen transpò nan CBD Manhattan
- **Opsyon Peyaj CBD (Lòt Opsyon)**, k ap reyalize yon pwogram peyaj pou mwayen transpò nan CBD Manhattan

Menmsi Okenn Lòt Aksyon an pa koresponn ak bi ak objektif Pwojè a, règleman NEPA yo mande pou yo evalye l e pou l sèvi kondisyon debaz pou evalye rezilta Opsyon Pèman CBD ka genyen.

Okenn Lòt Aksyon

Okenn Lòt Aksyon an asepte règleman ki annapre yo ak pwogram yo pral kontinye epi yon kantite dispozisyon ki planifye pral antre an vigèn, ki gen ladan l:

- Yon limit sou kantite lisans FHV nan Vil New York ap rete.
- Wout bisiklèt sekirize, sou debò lari sou Brooklyn Bridge, NYCDOT reyalize nan otòn 2021 an, ap rete.¹⁸
- NYCDOT pral kontinye konfigirasyon ki gen nan moman an pou vwa nan chak direksyon ant Atlantic Avenue ak Brooklyn Bridge nan Brooklyn-Queens Expressway; l ap kòmanse reparasyon nan pon ak fason yo fèt yo ant Atlantic Avenue ak Sands Street.¹⁹
- NYCDOT konvèti yon vwa mwayen transpò konn pase pou fè l tounen yon wout pou pyeton sou pon pi ba nivo Ed Koch Queensboro a, epi wout ki te la deja nan pati nò pi ba nivo a ap sèvi pou bisiklèt.
- TBTA ak Port Authority Nouyòk New Jersey (PANYAJ) pral kontinye ak peyaj la sou pon ak tinèl yo, pandan East River Bridges ak Harlem River Brigdes ap rete gratis. **Chapit 1, "Entwodiksyon"** bay plis enfòmasyon sou pèman **[ki an plas nan moman an]**.
- MTA pral kontinye reyalize pwojè amelyorasyon nan transpò ak wout tren nan Pwogram Enfrastrikti 2020–2024 li a, sa depan de kantite lajan ki disponib. **Apendis 4A.1, Tablo 4A.1-3 a**, bay enfòmasyon sou pwojè amelyorasyon transpò ak wout tren ki fenk fèt ki mansyone nan analiz EA a.
- NYCDOT ak lòt ajans Vil New York yo pral kontinye pwogram ki sou pye yo pou reponn ak pandemi COVID-19 la, sa gen ladan l kèk pati nan ri yo ki fèmen pou trafik mwayen transpò ("Lari Ouvè") ak itilizasyon pakin bò wout yo pou moun k ap manje nan restoran ("Restoran Ouvè").
- NYCDOT ap kontinye devlope enfrastrikti pou bisiklèt ak bis ak nouvo vwa pou bisiklèt ak bis.²⁰ **Chapit 4E, "Transpò: Pyeton ak Bisiklèt,"** bay plis enfòmasyon sou dènye amelyorasyon ki fèt e ki planifye pou bisiklèt.

Tablo ES-1. Rezilta Evalyasyon Premye Faz Lòt Opsyon yo¹

OPSYON	OBJEKTIF AK BEZWEN: Diminye blokis nan CBD Manhattan nan yon fason ki pral rantrè lajan pou amelyorasyon transpò a alavni	OBJEKTIF 1: Diminye kantite milyaj machin yo kouri (VMT) nan CBD Manhattan Kritè: Diminye pou 5% (ki gen rapò ak Okenn Akyon)	OBJEKTIF 2: Diminye kantite machin k ap antre CBD Manhattan chak jou Kritè: Diminye pou 10% (ki gen rapò ak Okenn Akyon)	OBJEKTIF 3: Kreye yon sous finansman pou bonjan amelyorasyon e kreye ase revni chak ane pou bay 15 milya dola pou finanse bonjan pwojè pou Pwogram Enfrastrikti MTA
NA-1: Okenn Aksyon	Pa reponn	Pa reponn	Pa reponn	Pa reponn
NTP-1: Metòd pou fikse pri pou pakin	Pa reponn	Pa reponn (gade nòt 2 a)	Pa reponn	Pa reponn (gade nòt 2 a)
T-1: Pri sou tou wout yo: Ogmante pèman oswa aplike pèman ki varye sou pèman ki te la deja	Pa reponn	Pa reponn (gade nòt 3 a)	Pa reponn (gade nòt 3 a)	Pa reponn
T-2: Pri sou tou wout yo: Pon ki gen peyaj East ak Harlem River	Pa reponn (gade nòt 4 la)	Reponn	Reponn	Pa reponn (gade nòt 4 la)
T-3: Wout machin pase anpil yo (HOT) ki gen peyaj	Pa reponn (gade nòt 5 lan)	Pa reponn	Pa reponn	Pa reponn (gade nòt 5 lan)
T-4: Pri ki fikse dapre zòn nan: Pwogram Peyaj CBD	Reponn	Reponn	Reponn	Reponn
O-1: Pri Pakin: Diminye pèmi pou pakin gouvènman an bay	Pa reponn	[Pa reponn (gade nòt 6 la)]	[Pa reponn (gade nòt 6 la)]	Pa reponn
O-2: Bay plis espas pou taksi kanpe evite yo kouri	Pa reponn	Pa reponn (gade nòt [7 la])	Pa reponn	Pa reponn
O-3: Kreye mwayen pou ankouraje moun travay a distans	Pa reponn	Pa reponn	Pa reponn (gade nòt [8 la])	Pa reponn
O-4: Plak ki gen restriksyon	Pa reponn	Reponn	Reponn	Pa reponn
O-5: Obligasyon pou moun met ansanm pou vwayaje nan yon machin	Pa reponn	Reponn	Reponn	Pa reponn
O-6: Restriksyon sou lè livrezon kamyon yo nan jounen an	Pa reponn	Pa reponn (gade nòt [9 la])	Pa reponn (gade nòt [9 la])	Pa reponn

Nòt pou Tablo Es-1

- ¹ Evalyasyon baze sou yon seri etid ak dokiman ki te prepare anvan, ki gen bagay annapre yo ladan l: Komisyon Kontwòl Blokis Vil New York, "Metòd pou Kontwòl Blokis" Opsyon nan Plan Vil la" (10 Desanm 2007); ak Rapòte bay Komisyon Kontwòl Blokis la ak Plan Aksyon ki Rekòmande)" (31 Janvyè 2008), ak apendis li yo, ak Cambridge Systematic, Inc., "Mesaj Teknik Ofisyèl: Ankouraje Travay A distans," prepare pou New York City Economic Development Corporation ak New York City Department of Transportation (10 Desanm 2007); Cambridge Systematic, Inc., "Mesaj Teknik Ofisyèl: Ankouraje Livrezon nan Nwit," prepare pou New York City Economic Development Corporation and New York City Department of Transportation (10 Desanm 2007); Cambridge Systematic, Inc., "Mesaj Ofisyèl Teknik: Règleman pou Diminye Blokis Taksi yo fè," prepare pou Sosyete Devlopman Ekonomik Vil New York ak Ministè Transpò Vil New York (10 Desanm 2007); Cambridge Systematic, Inc., "Mesaj Teknik Ofisyèl: Ogmante Pri Pakin nan (CBD) Distri Sant Biznis Manhattan," prepare pou New York City Economic Development Corporation and New York City Department of Transportation (10 Desanm 2007)
- ² Pou NTP-1: Yo te panse VMT t ap diminye a mwens pase 1 pousan. Anplis, pa gen okenn lwa oswa akò an plas ant Vil New York ak MTA k ap voye lajan ki soti nan lòt opsyon sa a nan MTA pou sipòte Pwogram Enfrastrikti a.
- ³ Pou T-1: Lòt opsyon sa a ap kreye revni, men revni anyèl la p ap sifi pou finanse 15 milya dola pou pwojè enfrastrikti pou Pwogram Enfrastrikti MTA a. Revni an ak rediksyon nan VMT ak kantite mwayen transpò ak lòt opsyon an depann de pri peyaj la ak si peyaj la ogmante sèlman nan lokal Triborough Bridge and Tunnel Authority (TBTA) oswa ni nan lokal TBTA a, ni nan Port Authority of New York and New Jersey facilities. Sepandan, avèk kèk travèse ki rete san yo pa peye, trafik la pral devye nan kote ki pa peye yo, konsa l ap redui revni an men l p ap redui trafik la. Anplis, opsyon sa a p ap sible blokis CBD Manhattan, paske gen anpil pwen antre gratis nan CBC Manhattan ki rete disponib.
- ⁴ For T-2: Etid ki fèt deja montre opsyon sa a p ap redui blokis epi li ka leve nivo revni peyaj ki koresponn ak objektif pwojè yo. Sepandan, pa gen okenn lwa oswa antant an plas ant Vil New York ak MTA k ap voye lajan an nan MTA pou sipòte Pwogram Enfrastrikti a. **[Epitou, Komisyon nan lane 2008 Ki Responsab Pou Diminye Blokis nan Vil Nouyòk la te idantifye yon kantite enkonvenyanki gen nan opsyon sa a, tankou opsyon sa pa t ap abòde vwayaj ki kòmanse e ki fini nan Manhattan, tankou vwayaj ki kòmanse e ki fini nan Upper East Side ak Upper West Side la; e opsyon sa at ap gen move konsekans sou trajè lokal yo ant South Bronx ak Harlem/Washington Heights, sa ki t ap laoze yon konsekans negatif sou ekonomi lokal la nan de kominote ki chanje pou adapte ak bezwen moun yo.]**
- ⁵ For T-3: Wout ki OKIPE ANPIL yo ka bonjan revni ki efikas, men kapasite yo genyen pou yo diminye blokis la ak ranmase ase revni pou reponn avèk objektif la limite akoz disponiblite wout gratis ki sou menm otowout la.
- ^[6] **[Pou O-1: Etid ki te gentan fèt sa gen lontan yo montre si nou diminye espas pakin ki la pou anplwaye gouvènman yo, sa ap diminye VTM nan pati sid 86th Street soti nan 0.1 pou l rive nan 0.3 pousan, sa depan de gwo nou diminye a (nou te evalye sa nou retire yo ant 3,000 ak 10,000 plas). Si nou rive diminye VMT a nan nivo sa a, opsyon sa a pa t ap diminye kantite machin k ap antre nan CBD Manhattan chak jou ki pou ta sifi pou reponn ak objektif Pwojè a.]**
- ^[7] Pou O-2: Si nou ta bay plis espas pou taksi kanpe, sa pa t ap gen okenn konsekans sou kantite taksi k ap antre nan CBD Manhattan epi sa p ap nesèman redui VMT nan piske yo ap bezwen retounen nan yon estasyon taksi aprè yo fin depoze kliyan yo. Anplis, opsyon sa a p ap abòde VMT pou tout mwayen transpò nèt, ni li p ap diminye kantite vmwayen transpò k ap antre nan CBD Manhattan.
- ^[8] Pou O-3: Etid ki te gentan fèt sa gen lontan yo montre opsyon sa a t ap diminye trajè nan Vil New York a mwens pase de pousan. Eksperyans nou fenk sot fè ak COVID-19 la soutni konklizyon sa a. Pandan rejyon an ap retounen nan aktivite biznis nòmal yo, kote te vin gen anpil travay ki te vire a distans a tan plen, anpil moun k ap travay nan biwo kontinye ap travay a distans, men nivo trafik la retounen prèske jan l te ye anvan pandemi COVID-19 la (pou plis enfòmasyon) gade **Chapit 1, "Entwodiksyon," Seksyon 1.4.1**. Avèk ti kras enpak sa a, menm si yo ta met opsyon sa a avèk lòt tankou NTP-1 oswa O-2, sa pa t ap fè blokis la diminye epi fè gen nouvo revni pou reponn avèk bi, bezwen ak objektif pwojè a.
- ^[9] Pou O-6: Pou l reyisi, restriksyon nan lè kamyon yo ap fè livrezon pandan jounen an ap mande pou moun k ap resevwa livrezon yo pou yo gen volonte pou resevwa kamyon ta nan nuit. Anplis, tsa depan de fason restriksyon an fèt, gen kèk gwo kamyon ki ka pito voye plizyè ti kamyon, e sa t ap ogmante kantite machin yo ak VMT.

Opsyon Peyaj CBD (Lòt Aksyon)

Opsyon Peyaj CBD a ap fè machin k ap antre oswa rete nan CBD Manhattan yo peye. Machin ki pot pasaje ki pa machin biznis k ap antre nan CBD ap peye yon fwa pa jou. Machin k ap rete nan CBD Manhattan yo wè ki prale, men ki pa t antre nan menm jou a. Piske nou wè yo prale, yo dwe te pase nan CBD Manhattan nan, kidonk, yo te rete pandan yon tan nan jounen an. Machin ki poze pasaje ki pa machin biznis yo ap peye yon fwa pa jou sèlman. Ap gen yon eksepsyon pou machin ki kalifye k ap pote yon moun andikape ak machin ijans kalifye ki gen otorizasyon.

Abitan ki gen kay prensipal yo nan CBD Manhattan epi ki antre pi piti pase 60, 000 dola nan Eta Nouyòk ap kalifye pou yon kredi sou taks Eta Nouyòk k ap egal ak montan yo peye pou machin CBD Manhattan pandan ane fiskal la.

Montan pèman an ap varye, pèman ka monte pandan peryòd anpil aktivite lè gen anpil blokis. Piske konsekans yo gen yon relasyon sere ak fason sistèm peyaj la fèt, Opsyon Peyaj CBD a te evalye yon seri fason peyaj la fonksyone nan senaryo peyaj ki mansyone yo. Nan pifò nan egzanp peyaj sa yo, montan pèman pou diferan kalite machin yo, tankou kamyon livrezon, diferan de montan pou machin ki pa machin biznis ki pote moun.

Konsekans Pozitif ak konsekans Negatif: Kisa ki enpòtan pou m konnen sou senaryo pèman nan Opsyon Pèman CBD a?

Ap gen yon desizyon k ap pran sou plan peyaj la lè EA a fini. Te gen yon Komisyon Analiz Deplasman nan Trafik (TMRB) **[yo te mete sou pye ann amoni ak Lwa MTA sou Sikilasyon nan Wout la]** pou bay rekòmandasyon sou montan peyaj yo, eksepsyon, kredi pou travèse ki aplike sou peyaj CBD ki peye nan lòt peyaj tinèl ak pon ak/oswa rabè. Pou EA a, pou dekouvri divès konsekans Opsyon Peyaj CBD a ka genyen, Sipòtè Pwojè yo te devlope sis senaryo peyaj (A-F) depi byen anvan. Chak senaryo gen plizyè konbinezon kredi pou travèse, rabè ki posib (nan fòm yon limit) ak eksepsyon (**Tablo ES-2**). Apre sansibilizasyon pilik ki te fèt la, ak enkyetid piblik la te fè konnen yo genyen konsènan chanjman nan wout kamyon yo fè yo, yo te ajoute yon setyèm senaryo (G) pou evite kèk nan enpak trafik sa yo. **Chapit 2, "Opsyon Pwojè yo,"** bay plis detay sou chak senaryo pandan **Pati ki nan chapit la ki rele 4A a, "Tranpò: Konsekans Transpò Rejyonal yo ak Modèl"** ak **Pati ki nan chapit la ki se 4B, "Tranpò: Entèseksyon Otowout ak Wout Lokal,"** bay plis enfòmasyon sou konsekans trafik yo.

Kilè ak Kijan y ap Fè M Peye?

W ap jwenn kèk egzanp pi ba a ki montre kilè ak kijan y ap aplike pèman an.

- Yon machin k ap kouri nan CBD Manhattan nan Lendi maten e ki ale Lendi aprè midi anvan minwi. Y ap konn lè l ap antre ak lè l ap kite CBD Manhattan. Paske machin ki pot pasaje ap gen pou yo peye yon fwa pa jou sèlman, yon sèl fwa y ap peye.
- Yon machin ki antre nan CBD Manhattan Lendi, e ki pake jiska jiskaske l kite nan Mèkredi. L ap peye pou jou Lendi l antre a ak tout jou li rete yo lè l ap kouri nan CBD Manhattan Mèkredi pou l ale. Li p ap peye poutèt li te pake pandan tout 24 èdtan Madi a.
- Yon machin ki fè de wwayaj ale retou nan CBD Manhattan nan menm jou a. L ap peye yon sèl fwa, paske machin ki pote moun yo ap peye yon sèl fwa pa jou.
- Yon machin ki pake pandan tout semèn nan nan CBD Manhattan epi apre sa li kite CBD Manhattan pou yon wwayaj yon jou nan Samdi, ki retounen anvan minwi. Y ap wè machin nan k ap kite (rete) e k ap antre CBD Manhattan nan menm jou a. Paske machin ki pot pasaje ap gen pou yo peye yon fwa pa jou sèlman, yon sèl fwa y ap peye.i.
- Yon machin ki pake pandan tout semèn nan nan CBD Manhattan epi apre sa li kite CBD Manhattan nan Vandredi epi retounen nan Lendi. Y ap wè machin nan k ap kite (rete) nan Vandredi epi antre lè l ap retounen nan Lendi. L ap gen pou l peye nan Vandredi paske te rete epi l ap gen pou l peye nan Lendi paske l ap antre. Li p ap peye pou okenn lòt jou li te pake pandan tout jou a nan CBD Manhattan, ni pou jou li te deyò yo.

Tablo ES-2. Senaryo Peyaj yo Evalye pou Opsyon Peyaj CBD

PARAMÈT ¹	SENARYO A	SENARYO B	SENARYO C	SENARYO D	SENARYO E	SENARYO F	SENARYO G
	Plan Debaz	Plan Debaz ak Limit ak Eksepsyon	Kredi Pou Travèse ki Fèb pou Machin k ap itilize Tinèl pou antre CBD, avèk Kèk Limit ak Eksepsyon	Kredi Pou Travèse ki Wo pou Machin k ap itilize Tinèl pou antre nan CBD	Kredi Pou Travèse ki Wo pou Machin k ap itilize Tinèl pou antre CBD, avèk kèk Barèk ak Egzepsyon	Kredi Pou Travèse ki Wo pou Machin k ap itilize Pon ak Tinèl Manhattan pou antre CBD, avèk Kèk Barèm ak Eksepsyon	Plan Debaz ak Menm Montan pou Tout Kategori Machin
Peryòd Tan²							
Lè gen anpil aktivite: Lasemèn	Soti 6 AM pou rive 8 PM	Soti 6 AM pou rive 8 PM	Soti 6 AM pou rive 8 PM	Soti 6 AM pou rive 8 PM	Soti 6 AM pou rive 8 PM	Soti 6 AM pou rive 10 PM; Soti 4 PM pou rive 8 PM	Soti 6 AM pou rive 8 PM
Lè gen anpil aktivite: Wikenn	Soti 10 AM pou rive 10 PM	Soti 10 AM pou rive 10 PM	Soti 10 AM pou rive 10 PM	Soti 10 AM pou rive 10 PM	Soti 10 AM pou rive 10 PM	Soti 10 AM pou rive 10 PM	Soti 10 AM pou rive 10 PM
Lè pa gen anpil aktivite: Lasemèn	Soti 8 PM pou rive 10 PM	Soti 8 PM pou rive 10 PM	Soti 8 PM pou rive 10 PM	Soti 8 PM pou rive 10 PM	Soti 8 PM pou rive 10 PM	Soti 10 AM pou rive 4 PM	Soti 8 PM pou rive 10 PM
Ta Nan Nuit: Lasemèn	Soti 10 PM pou rive 6 AM	Soti 10 PM pou rive 6 AM	Soti 10 PM pou rive 6 AM	Soti 10 PM pou rive 6 AM	Soti 10 PM pou rive 6 AM	Soti 8 PM pou rive 6 AM	Soti 10 PM pou rive 6 AM
Wikenn Ta Nan nwit	Soti 10 PM pou rive 10 AM	Soti 10 PM pou rive 10 AM	Soti 10 PM pou rive 10 AM	Soti 10 PM pou rive 10 AM	Soti 10 PM pou rive 10 AM	Soti 10 PM pou rive 10 AM	Soti 10 PM pou rive 10 AM
Kredi pou travèse ki posib							
Kredi pou Pèman Peyaj CBD nan Tinèl Queens-Midtown, Hugh L. Carey, Lincoln, Holland	Non	Non	Wi	Wi	Wi	Wi	Non
Kredi pou Pèman Peyaj CBD sou Pon Robert F. Kennndy, Henry Hudson, George Washington Bridges	Non	Non	Non	Non	Non	Wi	Non
Eksepsyon Ki Posib ak Limit sou Kantite Pèman pa Jou							
Machin, motosiklèt, ti bis komèsyal	Yon fwa pa jou	Yon fwa pa jou	Yon fwa pa jou	Yon fwa pa jou	Yon fwa pa jou	Yon fwa pa jou	Yon fwa pa jou
Taksi	Okenn limit	Yon fwa pa jou	Eksepsyon	Okenn limit	Eksepsyon	Yon fwa pa jou	Okenn limit
FHV yo	Okenn limit	Yon fwa pa jou	Twa fwa pa jou	Okenn limit	Twa fwa pa jou	Yon fwa pa jou	Okenn limit
Ti kamyon ak gwo kamyon	Okenn limit	De fwa pa jou	Okenn limit	Okenn limit	Okenn limit	Yon fwa pa jou	Okenn limit
Bis	Okenn limit	Eksepsyon	Okenn limit	Okenn limit	Eksepsyon pou bis Transpò piblik Pa gen limit sou lòt yo	Eksepsyon	Okenn limit
Montan Peyaj Anviwon ki Fikse³							
Lè gen anpil aktivite	\$9	\$10	\$14	\$19	\$23	\$23	\$12
Lè pa gen anpil aktivite	\$7	\$8	\$11	\$14	\$17	\$17	\$9
Ta nan nuit	\$5	\$5	\$7	\$10	\$12	\$12	\$7

¹ Detay ki nan tablo sa a te la pou bay yon ide sou jan sa ye pou nou ka evalye nivo konsekans ki ka genyen si nou ta mete sou pye Lòt Opsyon Peyaj CBD a. Montan peyaj nan moman an, kredi ki posib, eksepsyon ak/oswa rabè, ak lè pandan jounen an Komisyon TBTA a t ap deside pèman peyaj la ap aplike aprè rekòmandasyon Komisyon Analiz Deplasman nan Trafik la fin fè. **Apendis 2E, "Lòt Opsyon Pwojè: Definasyon Senaryo Peyaj,"** bay plis detay sou enfòmasyon sou montan yo, kredi pou travèse ki posib, eksepsyon, ak/oswa rabè ki fikse pou chak senaryo peyaj.

² Pèman yo ap monte pandan peryòd ki gen anpil aktivite yo lè gen anpil trafik. TBTA pral fikse bagay sa yo nan pèman final ki pwograme a. Tout senaryo yo gen yon pèman ki pi wo nan jou "Alèt Blokis" yo, menmsi modèl nou te chwazi pou Pwojè a pa t koresponn ak pèman ki pi wo sa a piske l analize jou an jeneral yo olye de jou kote gen anpil trafik yo.

³ Montan peyaj se pou machin, ti bis komèsyal ak motosiklèt ki itilize E-ZPass e yo awondi yo. Pou tout senaryo peyaj yo, gen diferan montan k ap aplike pou machin ki pa itilize E-ZPass; Pou Senaryo Peyaj A rive nan F, diferan kategori veyikil ap peye pèman diferan (gade **Apendis 2E a, "Definasyon Senaryo Peyaj"**). Kategori montan E-ZPass nan lè ki gen anpil aktivite (awondi) ki nan tout senaryo peyaj pou ti kamyon yo t ap 12\$-65\$; pou gwo kamyon, li t ap nan 12\$-82\$.

Gen plizyè eleman nan fason peyaj la fèt, men faktè ki pi enpòtan nan nivo ak distribisyon enpak Pwojè a se montan pèman an. An jeneral, Pwojè a ap diminye nan blokis ni sou plan rejyonal ak nan CBD Manhattan. Nan yon nivo lokal, sa depan de fason pèman an fèt, toupre ak kole ak CBD Manhattan ap gen ogmantasyon oswa rediksyon nan volim trafik la paske machin yo ap pran lòt wout pou evite pèman. **Tablo ES-[5]** bay enfòmasyon anplis konsènan enpak sa yo ak kontwòl ki pwopoze a. Tandans ki annapre yo enpòtan pou nou konprann:

- Tout senaryo peyaj yo ap diminye blokis ki genyen lè w ap antre nan CBD Manhattan.
- Tout senaryo peyaj yo t ap gen yon avantaj an jeneral nan kesyon diminye blokis nan rejyon an.
- Ajoute rabè, kredi pou travèse ak eksepsyon ap mande pou montan pèman yo anjeneral ogmante, k ap pèmèt gen mwens blokis toujou.
- Montan peyaj ki pi wo ap diminye trafik epi ogmante pakou transpò piblik k ap antre nan CBD Manhattan.
- Montan peyaj ki pi wo ap ogmante lòt wout moun chwazi fè pandan chofè yo ap evite pèman. Sa ap lakoz gen mwens trafik nan CBD Manhattan, epi chanje modèl trafik yo andeyò CBD, k ap ogmante ak diminye trafik nan zòn yo lokalize lòt kote.
- Kredi pou travèse, ki pral bay kredi nan montan kèk chofè peye pou pèman TBTA oswa PANYNJ parapò ak pèman CBD, ap fè kantite depans pou diferan wout nan CBD prèske menm e konsa l ap chanje nivo, ak balans kote, rediksyon trafik la fèt.
 - ❖ Senaryo pèman avèk kredi pou travèse yo ap gen mwens enpak sou rediksyon trafik pou antre CBD Manhattan soti Queens, ak mwens enpak toujou nan diminye trafik pou antre soti New Jersey pase senaryo peyaj san kredi pou travèse. Senaryo peyaj avèk kredi yo bay pou travèse a lakoz anpil rediksyon nan trafik k ap antre soti nan pati nò 60th Street ak Brooklyn.
 - ❖ Kredi yo bay pou travèse yo ap ankouraje kèk chofè pou yo soti sou Pon East River yo ki gratis nan moman an pou antre nan tinèl peye TBTA yo. Nan sans sa a, trafik la ap ogmante nan Queens-Midtown Tunnel ak Tunnel Hugh L. Carey, k ap lakoz plis trafik sou Long Island Expressway epi yon chanjman trafik nan Gowanus Expressway soti BQE pou ale nan Hugh Carey Tunnel, epi ogmante nan trafik nan ri lokal nan Manhattan ki fè gen trafik pou antre ak soti nan tinèl sa yo.

Anplis de montan peyaj la ak kredi yo bay pou travèse yo, plizyè lòt faktè jwe wòl enpòtan nan kreye enpak pozitif ak negatif.

Montan Pèman Pou Kamyon. Kontrèman ak machin, kamyon pa ka chanje metòd yo (egzanp transpò). Pou kamyon k ap vwayaje nan CBD ki sou wout pou destinasyon final yo, sèl opsyon pou fè pèman an se pa fè vwayaj la oswa vire ozalantou CBD Manhattan. Menm jan a trafik jeneral la, ogmante pèman diminye trafik kamyon k ap antre CBD Manhattan. Devyasyon kamyon yo ogmante nan pèman (menm jan avèk trafik jeneral la). Jeneralman, kamyon yo chanje wout sou otowout nan Staten Island ak nan South Bronx.

Lè nan Jounen an. Diminye pèman nan lè l ta nan nuit ap diminye posibilite pou moun pran lòt wout, diminye enpak andeyò CBD Manhattan e ankouraje machin livrezon yo pran wout ki gen mwen blokis nan nuit. Byen ke se pa menm jan avèk pèman nan nuit ki pi ba a, trafik la ap toujou diminye.

Repons Sansibilizasyon Piblik la

Pou reponn avèk enkyetid ki te souleve pandan Sansibilizasyon Piblik ki te fèt ki gen rapò ak ogmante trafik kamyon nan Cross Bronx Expressway e piache kamyon yo pa gen lòt opsyon pou yo evite pèman, yo te ajoute Senaryo G. Senaryo sa a fè moun peye menm montan pèman pou machin ak kamyon epi fè gwo rediksyon nan lòt wout kamyon fè nan South Bronx ak Staten Island. Gade **Chapit 4A, "Konsekans Transpò Rejyonal yo ak Modèl."**

KIJAN OPSYON AKSYON AN KORESPONN AK OBJEKTIF PWOJÈ A?

FHWA pral analize Okenn Aksyon an ak Opsyon Pèman CBD (Lòt Aksyon) an jeneral, pandan n ap kenbe nan tèt nou Opsyon Aksyon an se yon seri senaryo peyaj ki ka genyen. **Tablo ES-3** rezime kijan Okenn Aksyon an ak Opsyon Aksyon an koresponn ak bi, bezwen ak objektif Pwojè yo.

Tablo ES-3. Konparezon Rezilta Evalyasyon yo pou Okenn Aksyon ak Opsyon Pèman CBD

KRITÈ EVALYASYON YO	OKENN LÒT AKSYON	OPSYON (AKSYON) PEYAJ CBD
Objektif ak Bezwen: Diminye blokis nan CBD Manhattan nan yon fason ki pral rantrè lajan pou amelyorasyon transpò a alavni	PA REPONN	REPONN
Objektif 1: Diminye kantite milyaj machin yo kouri (VMT) nan CBD Manhattan Kritè: Diminye a 5% (ki gen rapò ak Okenn Aksyon) <i>Rediksyon VMT Chak jou (2023)</i>	PA REPONN	REPONN
	0%	7.1% - 9.2%
Objektif 2: Diminye kantite machin k ap antre CBD Manhattan chak jou Kritè: Diminye a 10% (ki gen rapò ak Okenn Aksyon) <i>Diminye machin Chak jou (2023)</i>	PA REPONN	REPONN
	0%	15.4% - 19.9%
Objektif 3: Kreye yon sous finansman pou bonjan amelyorasyon e kreye ase revni chak ane pou bay 15 milya dola pou finanse bonjan pwojè pou Pwogram Enfrastrikti MTA	PA REPONN	REPONN ¹
<i>Revni total pou sipòte Pwogram Enfrastrikti MTA²</i>	\$0	1.02 milya dola - 1.48 milya dola
Objektif 4: Metè sou pye yon pwogram peyaj ki koresponn ak objektif ki dekri nan lwa Eta Nouyòk la ki mansyone nan "Lwa MTA sou Refòm ak Deplasman nan Trafik"	PA REPONN	REPONN

¹ Byenke Senaryo Peyaj B a pa reponn avèk objektif 3 a ak montan pèman ki idantifye e ki evalye nan Evalyasyon sou Anviwònman (EA), gen lòt analiz ki te fèt pou demontre l ap reponn ak objektif sa a avèk yon montan pèman ki pi wo; rezilta rediksyon VMT ak revni pou senaryo sa a ki modifiye a ap tonbe nan kategori lòt senaryo ki prezante. **Chapit 16, "Rezime Enpak yo,"** Bay plis enfòmasyon sou Senaryo Peyaj B ki modifiye a.

² Revni total ki nesèsè pou debloke 15 milya dola depann de yon bann eleman ekonomik, ki gen ladan l to enterè ak dire yo, men se pa sa yo sèlman. Pou EA sa a, modèl la montre Pwojè a ta dwe bay omwen 1 milya dola chak ane pou revni total, pou yo investè oswa sere pou kreye ase lajan. Valè revni ki bay nan tablo sa a awondi e li baze sou modèl Pwojè a.

Jan sa dekri nan EA a, Komisyon TBTA a pral adopte yon metòd pèman final ak montan pèman ak nenpòt kredi yo bay pou travèse, rabè, ak/oswa eksepsyon, ki baze sou rekòmandasyon Traffic Mobility Review Board la fè epi aprè yon odyans piblik annamoni ak State Administrative Procedure Act la.

Ki enpak Pwojè a ap genyen?

EA sa a analize 18 domèn resous. **Imaj ES-4 la** idantifye sila yo kote ap gen enpak pozitif sèlman oswa enpak negatif Pwojè a, ak domèn sa yo kote enpak negatif ki ka genyen yo ki pral diminye. Si se enpak negatif ki genyen, kèk nan enpak negatif sa yo ap rive sèlman nan kèk senaryo peyaj. **Tablo ES-[5]** bay plis detay sou ki senaryo pèman k ap lakoz efè pozitif oswa negatif, epi nan ki nivo, e ki **dispozisyon k ap pran pou diminye yo/ Tablo ES-6 la bay yon rezime sou kilè ak ki fason Sipòtè Pwojè yo ap mete dispozisyon pou diminye enpak yo sou pye].** Chak chapit ki koresponn bay deskripsyon ak plis posibilite pou fè deba.

Imaj ES-4. Zòn Resous ak Evalyasyon Enpak yo nan EA

Domèn ki gen Enpak Pozitif Sèlman oswa Okenn Enpak Negatif	Domèn ki gen Enpak Negatif Ki Ka Rive
Transpò: Transpò Rejyonal Transpò: Pakin Kondisyon Sosyal: Popilasyon Kondisyon Sosyal: Pèsonaj nan Katye Kondisyon Sosyal: Règleman Piblik Kondisyon Ekonomik Enèji Plas Piblik ak Resous Pou Detant Resous Istorik ak Kiltirèl Resous Vizyèl Kalite Lè Enèji Bri Resous Natirèl Dechè Dangere/Materyèl Kontamine Enpak sou Konstriksyon	Transpò: Otowout ak Entèseksyon Transpò: Transpò Piblik Transpò: Pyeton ak Bisiklèt Aspè ki gen rapò ak sante ak anviwònman

Ki enpak Pwojè genyen sou aspè ki gen rapò ak sante ak anviwònman popilasyon yo?

Kèk nan enpak pwojè a touche kèk zòn, yo te gade si enpak yo rive nan tout rejyon an oswa popilasyon an, oswa si yo gen enpak kominote oswa popilasyon moun ki gen revni fèb yo oswa yon kategorimoun ki apa nan popilasyon an (kominote oswa aspè ki gen rapò ak sante ak anviwònman popilasyon an). Paragraf annapre yo bay plis detay konsènan enpak pozitif oswa negatif yo.

Si trafik la diminye sa t ap nan avantaj tout chofè k ap vwayaje nan CBD Manhattan ak nan alantou yo, ak gwoup poun pwojè a gen enpak you sante ak anviwònman yo, lè tan pou fè trajè a amelyore e nivo sekirite a ogmante. **[Investisman nan transpò piblik yo ta dwe gen enpak sou gwoup moun k ap viv anba limit povrete a e ki gen po fonse ki sèvi ak tren ak bis MTA yo pou y al travay, lekòl, kay doktè, ak lòt kote toujou.]** Pwojè a t ap amelyore kalite lè nan zòn nan, e pifò moun k ap viv anba limit povrete a e ki gen po fonse k ap viv nan CBD Manhattan nan t ap viv nan yon anviwònman ki gen mwens polasyon akòz trafik la ki diminye. Lòt avantaj yo dekri nan **Chapit 17, "Mouvman Sosyal K ap Batay Kont Enjistis."**

Chofè ki gen Revni ki Fèb

Depans nouvo pèman CBD p ap touche chofè ki gen revni fèb yo. Sepandan, pou chofè ki revni ki fèb yo e ki gen okenn lòt opsyon ki **[rezonab]** pou yo ale CBD Manhattan aprè mwayen transpò prive yo, enpak depans sa a ap pi lou paske depans pèman an ap pran plis lajan nan sa k antre nan pòch yo. **[Se poutèt sa, jan sa parèt nan EA ki te pibliye nan mwa Out 2022 a, li montre t ap gen yon enpak negatif ki touche chofè k ap antre nan CBD Manathan yo ki gen revni ki fèb yo plis, e moun sa yo pa gen yon lòt opsyon transpò rezonab pou yo ale nan CBD Manhattan. Sa plis parèt nan ka chofè k al nan CBD Manhattan souvan yo e ki gen revni ki fèb.²² Anplis de diminyon nou te ofri anvan an, k ap diminye obstak ki anpeche moun jwenn E-ZPass ki nan yon pri ki pi ba yo (konpare ak Pèman ki fèt pa lapòs yo) ak rabè ki gen nan moman an pou kèk kliyan E-ZPass, ansanm ak nouvo dispozisyon ki pran pou fè**

yon gwo rediksyon nan montan peyaj la lè l ta nan nuit, TBTA te angaje l tou pou l mete yon plan rabè sou pye pou chofè ki gen revni fèb yo.

Espesyalman, TBTA pral asire l pandan premye senk lane pwojè a ap dire a, fason y ap kenbe pou sistèm peyaj la fonksyone a ap gen yon pri ki gen rabè pou chofè ki pran wout la souvan ki gen revni ki fèb, ki rapòte revni total yo bay gouvènman Federal la sou deklarasyon revni yo pou ane anvan an pou yon montan ki pa plis pase \$50,000 oswa prèv yo enskri nan yon pwogram ki kalifye gouvènman mete sou pye ki baze sou revni (tankou Pwogram Èd Anplis Pou Manje (SNAP) oswa Pwogram Èd Anplis Pou Manje Pou Fanm, Bebe, ak Timoun (WIC)).²³ [Pa egzanp, yon chofè ki fè wout la souvan ta ka yon moun ki toujou pran wout la pou l al travay oswa pou l al kay doktè.

Lè yo sèvi ak ti aparèy E-ZPass la ak yon Plan Rabè ki gen nan kont E-ZPass yo a, chofè ki kalifye yo ap benefisye yon rabè 25 pousan sou montan total pèman E-ZPass CBD a pou tan ki aplikab pandan jounen an aprè 10 vwayaj pandan tout mwa a. (Rabè sa a p ap gen moman lè l ta lannuit yo, ki gentan gen gwo rabè sou yo.)

Nouvo mwayen pou diminye enpak sa yo, ansanm ak lòt dispozisyon ki pran pou diminye enpak yo ki dekri nan EA, anpil ladan yo elimine obstab pou yon moun vin yon kliyan E-ZPass,²⁴ pral pèmèt Pwojè a pa gen yon enpak negatif ki pi grav sou chofè ki gen revni ki fèb ki ale nan CBD Manhattan nan.

Kare ki bi ba a dekri tout dispozisyon ki pran pou diminye enpak yo pou chofè ki gen revni ki fèb yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou chak grenn nan Tablo ES-5 ak ES-6 nan fen Rapò a.]

Pou [nou asire nou Pwojè a p ap gen enpak ki posib k ap pi grav pou chofè ki gen revni ki fèv yo, ki pa gen lòt opsyon rezonab pou yo kondi], Sipòtè Pwojè yo pral mete sou pye [dispozisyon] ki annapre yo pou diminye enpak e pou pote amelyorasyon.

DIMINYE ENPAK YO

Pwojè a pral gen yon kredi taks pou pèman CBD moun ki abite nan CBD Manhattan yo peye e ki gen revni total nan Nouyòk pou ane fiskal la ki mwens pase \$60,000. TBTA pral travay ansanm avèk New York State Department of Taxation and Finance (NYS DTF) pou asire yo dokiman nesèsè yo disponib pou chofè ki kalifye pou kredi taks NYS.

TBTA pral afiche enfòmasyon ki gen rapò avèk kredi taks yo sou sit entènèt pwojè a, avèk yon lyen nan kote ki apwopriye sou sit entènèt NYS DTF la pou gide chofè ki kalifye yo jwenn enfòmasyon sou reklamasyon kredi a.

TBTA pral elimine depo tarif \$10 pou ti aparèy E-ZPass la pou kliyan yo san yo pa anrejistre kat kredi yo.

TBTA pral amelyore pwomosyon pèman E-ZPass ak opsyon plan ki te la deja, ak kapasite pou chofè yo peye pa vwayaj (olye pou se yon balans yo mete alavans sou aparèy la), ajoute lajan sou kont yo avèk lajan kach nan magazen lokal ki fè pati pwogram nan, ak plan rabè ki deja anplas yo pa konnen ki disponib la.

TBTA pral fè sansibilizasyon ak enfòmasyon sou kalifikasyon pou pwodui ak pwogram rabè tarif transpò ak pou moun ki gen 65 lane oswa ki pi gran, sila yo ki gen andikap, ak sila yo ki gen revni ki fèb, yon bagay anpil nan yo ka pa konnen.

Sipòtè Pwojè yo pran angajman pou kreye yon Gwoup ki gen moun ki gen po fonsè e k ap viv anba limit povrete a k ap fè rankont [chak twa mwa], [e premye rankont lan ap fèt anvan yo kòmanse ak pwojè a], pou pataje nouvo enfòmasyon ak analiz epi tande enkyetid ki ka genyen.

[TBTA pral asire l tarif pou peyaj lè l ta lanuit yo ap diminye pou rive nan 50 pousan oswa pi ba parapò ak tarif peyaj lè gen anpil aktivite a soti omwen 12:00 AM pou rive 4:00 AM nan fason yo kenbe pou sistèm peyaj CBD la fonksyone a, sa ki pral nan avantaj chofè ki gen revni ki fèb yo k ap vwayaje pandan lè sa a.]

[TBTA pral asire l pandan premye senk lane pwojè a ap dire a, fason y ap kenbe pou sistèm peyaj la fonksyone a ap gen yon pri ki gen rabè pou chofè ki pran wout la souvan ki gen revni ki fèb yo, ki rapòte revni total yo bay gouvènman Federal la sou deklarasyon revni yo pou ane anvan an pou yon montan ki pa plis pase \$50,000 oswa prèv yo enskri nan yon pwogram ki kalifye gouvènman mete sou pye ki baze sou revni. Lè yo sèvi ak ti aparèy E-ZPass la ak yon Plan Rabè ki gen nan kont E-ZPass yo a, chofè ki kalifye yo ap benefisye yon rabè 25 pousan sou montan total pèman E-ZPass CBD a pou tan ki aplikab pandan jounen an aprè 10 vwayaj pandan tout mwa a (peryòd lè l ta lanuit yo pa ladan l, paske yo gentan gen gwo rabè sou yo).]

AMELYORASYON

Bis NYC bay plis moun ki gen revni ki fèb ak fwaye ki fè pati minorite yo konpare ak lòt mwayen transpò, ki gen tren yo ladan l. **[Lè MTA NYCT t ap refè rezo bis li a, li te reflechi sou zòn ki gen plis moun ki gen revni fèb yo ak fwaye ki fè pati minorite a.]** Moun yo byen akeyi dènye chanjman ki te fèt nan Fason Rezo Bis yo fonksyone nan Staten Island ak Bronx. Chanjman yo ap avanse nan rezo Queens ak Brooklyn yo. TBTA pran angajman pou l travay avèk MTA NYCT pou abòde domèn yo idantifye nan EA kote sèvis bis la ka amelyore pandan Chanjman nan Rezo Brooklyn ak Manhattan lan ap avanse.

[*Menm si gen kèk moun ki p ap antre ase lajan pa ane pou yo fè deklarasyon revni, yo ka toujou voye deklarasyon yo ale pou yo ka reklame kredi a. Gen pwogram pou ranpli taks gratis ki disponib pou moun ki kalifye atravè NYS Department of Taxation and Finance ak NYC Department of Consumer and Worker Protection (DCWP).]

Taksi ak FHV yo

Plizyè senaryo pèman **[B, C, E, ak F]** gen eksepsyon oswa rabè (nan fòm limit) sou kantite vwayaj yo ka fè taksi ak/oswa FHV yo peye. Eksepsyon ak limit yo diminye pwa lou peyaj la pou chofè taksi/FHV yo, poutan li ogmante montan pèman pou lòt chofè yo pou reponn avèk objektif rediksyon blokis ak revni pwojè a. Si taksi ak FHV yo peye pou chak vwayaj **[Jan sa parèt nan Senaryo A, D, ak G yo]**, demann pou sèvis yo a ap diminye, sitou nan Vil New York, sa k ap diminye nan vwayaj yo e pi byen reponn ak objektif Pwojè a, men sa ap kreye nouvo depans dirèk ak/oswa difikilte nan kesyon travay. **Tablo ES-[5]** la bay enfòmasyon sou nivo enpak sa yo. Akoz plizyè chofè taksi ak FHV nan Vil New York fè pati yon popilasyon moun ki gen po fonsè e k ap viv anba limit povrete a, sa t ap lakoz **[li posib]** pou gen gwo diferans ak enpak negatif **[san pa gen dispozisyon pou diminye yo]**.

[EA a te soti nan mwa Out 2022 a pwopoze plizyè dispozisyon pou diminye enpak yo pou abòde kesyon chans pou moun pèdi travay yo a. Men, aprè nou te fin rasanble kòmantè piblik la te fè pandan peryòd kòmantè a, nan dènye vèsyon EA sa a nou pwopoze nouvo dispozisyon pou diminye enpak yo k ap ranplase sa k te la yo. Espesyalman, TBTA pral asire l machin sa yo peye yon fwa pa jou sèlman. Ak nouvo dispozisyon pou diminye enpak sa yo nou pran yo, Pwojè a p ap gen yon enpak negatif ki pi grav sou chofè taksi ak FHV nan Vil New York yo ankò.^{25]}

[Pou nou asire nou Pwojè a p ap gen enpak ki posib k ap pi grav pou chofè ki gen revni ki fèw yo nan Vil New York yo, TBTA ap mete dispozisyon pou diminye enpak ki annapre yo sou pye,

DIMINYE ENPAK YO

TBTA pral asire l taksi ak FHV nan Vil Nouyòk yo peye yon fwa pa jou sèlman nan fason CBD a òganize yon kenbe a.*]

[*Pati nan chapit la ki se 4A a dekri konsekans negatif ki posib yo e l bay lòt detay konsènan sa k ka rive nan Senaryo Peyaj A, D, ak G yo si machin sa yo pa t gen limit yon jou pa jou a sou yo oswa yon pa oblije fè pèman pou peyaj la. Nan chak ka, konsekans ki posib yo tonbe nan kategori enpak yo te wè ki gen nan senaryo peyaj nan EA a. Anplis, nan paj ES-24 nan Rapò sa a, gen plis konvèsasyon konsènan kategori konsekans yo, ak yon konsantrasyon sou fason dispozisyon pou diminye enpak yo ka chanje enpak Pwojè a. Jan nou te esplike sa a, lòt analiz nou te fè a montre rezilta dispozisyon pou diminye enpak yo ap toujou rete nan kategori enpak nou te dekouvri nan EA a. Anfen, pou deba ki gen rapò ak fason dispozisyon pou diminye enpak yo gen enfliyans sou analiz pou chak chapit, gade Chapit 3, "Kad Evalyasyon Sou Anviwònman," Seksyon 3.3.3.]

[Chanjman nan kominote ki gen moun ki gen po fonsè e k ap viv anba limit povrete a Piske chofè yo ap chèche mwaye pou yo fè lòt wout pou yo pa peye nouvo tarif peyaj la, gen kèk kominote ki gen moun ki gen po fonsè e k ap viv anba limit povrete ki vin gen mwens trafik; gen lòt k ap gen plis trafik. Apre nou te fin pibliye EA a nan mwa Out 2022, e dapre kòmante nou te ranmase nan piblik la ak kontribisyon Gwoup Konseye Teknik Pou Moun Ki Gen Po Fonsè yo e k ap viv anba limit povrete a, Sipòtè Pwojè yo te fè lòt analiz ki gen rapò ak posibilite pou moun pran lòt wout. Pandan tout analiz la, al gade Apendis 17D a, "Mesaj Teknik Ofisyèl;" paragraf ki annapre yo ap bay yon gwo rapò sou finansman yo ak desizyon ki pran yo.

Lè Ki Polye akoz trafik ak trafik kamyon. Apendis 17D, "Mesaj Teknik Ofisyèl" la dekri fason ak rezon ki fè trafik, ak espesyalman trafik kamyon, kontribiye pou gen anpil polisyon ak lyen ki gen ant pakèt polisyon sa yo ak pwoblèm sante yo. Espesyalman, machin yo lakòz lakòz lè a polye lè yo pwodui monoksid kabòn, bagay toksik k ap sikile nan lè a, oksid azòt, ak molekil k ap soti nan fren ak kawoutchou yo, pousyè ki gaye ki sot nan wout la, ak sa ki soti nan gaz k ap boule ki nan motè machin nan.²⁶

Menmsi tout mwayen transpò ki gen motè yo pwodui eleman ki toksik pou atmosfè a, degajman ki soti nan kamyon yo bay plis pwoblèm nan kalite lè ki pre kote yo pase a, yon bò se akòz eleman toksik yo gaye nan atmosfè a, men tou se akòz yo degaje plis pase lòt kalite machin yo.²⁷ Se pou sa pifò analiz la konsantre sou sikilasyon kamyon; men, pou nou asire nou tout kategori konsekans yo analize, Apendis 17D a, "Mesaj Ofisyèl Teknik" la analize enpak Pwojè a genyen sou sikilasyon machin ki pa kamyon.

Pratik, tandans ak fado ki te genyen anvan nan sa ki gen rapò ak tè yo ak transpò. Analiz ki nan Apendis 17D a, "Mesaj Ofisyèl Teknik" la bay yon kontèks ki pi laj lè dekri eleman toksik ki nan atmosfè a ak pwa lou maladi kwonik yo lakoz, ansanm ak règleman pou itilizasyon tè yo ki pase ak tandans ki gen rapò ak eleman toksik ki gaye nan atmosfè a e ki gen konsekans sou sante moun. Rezo otowout nan rejyon an te kreye nan mitan 20yèm syèk la e, nan pifò ka, konstriksyon otowout yo konn koupe nan blòk apatman yo, sa ki konn fè abitan yo ak biznis yo oblije deplase. Nan lòt sityasyon, otowout yo se limit fizik an katye yo, ki fè abitan yo ret lwen sant komèsyal yo ak ansyen katye yo (pa ezanp, Cross Bronx Expressway). Tank tan pase, anpil katye ki kole ak otowout yo te vin rive yon lè abitan yo te kite yo e yo t al nan nouvo gwoup rasyal oswa ekonomik, sa ki lakoz katye yo vin chaje nan kèk kote, paske gen nouvo abitan ki vin antre pami nouvo ras yo, e anpil nan yo se te moun ki fè pati minorite a e/oswa ki gen revni ki fèb.²⁸ Anplis de itilizasyon tè yo ak pratik transpò, gen lòt règleman ak pratik ki kontribiye nan enpak sa yo oswa ranfòse yo. Pa ezanp, nan kèk zòn, diskriminasyon ki gen nan domèn imobilye a, tankou pa bay yon kategori moun sèvis, te fè gen anpil restriksyon nan zòn moun ki fè pati minorite yo te ka ale, sa ki te lakoz kominote ki an minorite yo te konsantre nan kèk zòn.²⁹

Kalite lè a nan rejyon an amelyore pandan anpil ane, men moun ki nan 10 awondisman nou te analize yo – ke yo viv nan kominote ki gen moun ki gen po fonse oswa k ap viv anba limit povrete yo oswa nan lòt kominote – ap viv ak yon fado ki se eleman toksik ki gen nan atmosfè a ak maladi kwonik sa lakoz, lè nou konpare yo ak rès pati Etazini (gade Apendis 17D, "Mesaj Teknik Ofisyèl" pou w jwenn detay sou ki kote egzakteman).

Rapò sou enpak sikilasyon kamyon yo genyen. Tout 434 sektè resansman ki nan espas 300 mètr yon otowout³⁰ – sa ki se kominote kote po moun yo fonse e y ap viv anba limit povrete a e sa ki pa nan kategori sa a – gen omwen yon fado ki se eleman toksik ki nan 80yèm pèsantil nasyonal oswa pi wo oswa omwen yon maladi kwonik ki pi wo pase 66.66yèm pèsantil, ki genladan l 284 sektè resansman ki ta ka wè sikilasyon kamyon toupre yo diminye oswa ogmante (yon mezi ki pèmèt nou wè kamyon ki sikile yo), Pwojè a lakoz.³¹ Kantite gwoup moun ki gen po fonse e k ap viv anba limit povrete a ki nan sektè resansman ki nan espas 300 mètr distans yon otowout (71.7 pousan) koresponn ak tout kantite moun ki gen po fonse e k ap viv anba limit povrete a ki nan sektè resansman nan 10 awondisman met ansanm, kote nou te fè etid nou an (70.6 pousan).

Ogmantasyon trafik kamyon nan kominote ki gen anpil pwoblèm yo, ki gen rapò ak pèsantil nasyonal yo, t ap yon enpak negatif. Analiz la montre yon kantite sektè resansman ki plis ki se sektè kote moun yo gen po fonse e y ap viv anba limit povrete a (56) t ap gen yon rediksyon sikilasyon kamyon toupre yo lè nou konpare yo ak katye ki pa konsa yo (23); sa vin fè nou wè plis katye ki gen moun po fonse e k ap viv anba limit povrete a t ap benefisye rediksyon sikilasyon kamyon ki gen rapò ak Pwojè a pase lòt katye yo. Anplis, prèske menm kantite kominote ki gen moun po fonse e k ap viv anba limit povrete a ak lòt kominote yo t ap wè rediksyon nan sikilasyon kamyon bò kote yo ki gen rapò ak Pwojè a. Men, 41 pousa sektè ki pa vrèman ki gen moun po fonse e k ap viv anba limit povrete a t ap wè yon rediksyon nan sikilasyon kamyon bò kote yo, 50 pousa sektè resansman ki gen moun po fonse e k ap viv anba limit povrete a ta dwe wè ogmantasyon ki p ap fin diminye grasa avantaj jeneral enpak Pwojè a pote.

Rapò sou enpak sikilasyon kamyon yo genyen. Nou te fè yon mofèl konsa pou zòn trafik ki pa gen kamyon pou chanjman ki fèt akòz Pwojè a. Nan ka sa a, 35 kominote ki gen moun ki gen po fonse e k ap viv anba limit povrete a ak omwen yon sektè resansman ki montre te gentan gen eleman toksik nan atmosfè a oswa maladi kwonik, t ap wè gen yon rediksyon ki ka fèt nan zòn kote machin ki pa kamyon yo ap sikile. Sepandan, 33 kominote ki gen menm pwoblèm eleman toksik ki nan atmosfè a oswa maladi kwonik deja t ap wè gen yon ogmantasyon nan sikilasyon machin ki pa kamyon nan zòn nan. Nou te idantifye tout kominote sa yo, sof 11 ladan yo, nan analiz sikilasyon kamyon nou te fè a. Rezilta analiz sa a ak enkyetid moun ki nan kominote ki gen moun po fonse e k ap viv anba limit povrete a te pataje te atire atansyon sou yon ogmantasyon nan trafik la nou ka atann sou FDR Drive, ki kole ak kominote nan Lower Manhattan ak Lower East Side.

Diminye kantite moun k ap pran lòt wout pou yo pa peye tarif peyaj la. Pou nou ka analize kantite moun k ap pran lòt wout pou evite peye, eleman toksik nan atmosfè a, ak pwoblèm sante ki gen rapò ak konsekans Pwojè a, Sipòtè Pwojè yo te mete sou pye solisyon rejyonal ak lokal pou diminye enpak yo pou kominote ki ka vin wè ogmantasyon nan trafik la ki gen rapò ak Pwojè a.³² Sektè resansman byen presi ki t ap wè chanjman nan trafik la yon jan diferan sa depan de searyo peyaj la, men kominote yo rete prèske menm jan nan tout senaryo peyaj yo.³³


Lè nou analize ogmantasyon nan sikilasyon kamyon yo ki ka posib, kominote sa yo gentan gen eleman toksik nan anviwònman yo oswa maladi kwonik ki nan 90yèm pèsantil oswa pi wo, lè nou konpare yo ak tout peyi a, yo t ap benefisye dispozisyon pou rediksyon enpak yo nan rejyon an. Kominote sa yo gentan gen eleman toksik nan anviwònman yo ak maladi kwonik ki pi wo pase 90yèm pèsantil, lè nou konpare yo ak tout peyi a, yo t ap benefisye dispozisyon pou rediksyon enpak yo nan rejyon an ansanm ak dispozisyon pou diminye enpak yo ki baze sou kote a (Imaj ES-5).

Pou sikilasyon machin ki pa kamyon yo, nou te idantifye diminisyon nan enpak yo pou FDR Drive ki kole ak Lower East Side ak Lower Manhattan. Modèl la te montre ogmantasyon nan zòn sa a ta ka diminye lè nou asire nou machin ki pral Manhattan yo ki pase sou Brooklyn Bridge yo ki pase nan nò sou FDR Drive yo e ki pase nan sòti ki nan East Houston Street la ap otomatikman vire a goch epi retounen nan sid sou FDR Drive, yo t ap peye tarif peyaj la, donk sa t ap dekouraje ide pou machin ki pa kamyon yo chèche lòt wout pou yo pa peye. Rediksyon sa a ap antre an vigè nan kad dispozisyon ki pran ki gen rapò ak kote a.

Rapò sou dispozisyon ki pran pou gen rediksyon ki baze sou rejyon an ak kote a nan Tablo ES-4. la. Sipòtè Pwojè yo dispoze 155 milya dola sou 5 lane pou yo ka finanse dispozisyon pou gen rediksyon nan enpak yo. Sipòtè Pwojè yo angaje yo pou mete dispozisyon sa yo sou pye, kèlkeswa sistèm peyaj nou chwazi a. N ap sèvi ak yon apwòch jesyon adaptasyon k ap gen ladan l suiv rezilta rediksyon enpak yo genyen, konvèsasyon ak investisè yo, ak chanjman n ap fè lè sa nesèsè. Sa k enpòtan an, sèke, ak dispozisyon pou diminye enpak sa yo nou pran yo, Pwojè a p ap gen yon enpak negatif ki pi grav sou moun ki nan kominote ki ge po fonse e k ap viv anba limit povrete a.

[Imaj ES-5. Sektè resansman nan kominote kote po moun yo fonse e y ap viv anba limit povrete a ki deja gen Eleman Chimik nan anviwònman yo ak maladi kwonik

kote Kamyon Sikile Toupre yo ka wè vin gen yon ogmantasyon (Senaryo Peyaj E)]



Sous: USEPA NATA and Agency Air Quality System via EJScreen 2021 data; CDC PLACES Estimates 2020 via EJI 2022 data; BPM, WSP 2021.

Remak: Pèsantil yo nan nivo tout peyi a. Sektè Resansman 3009, Awondisman Nassau a pa parèt. Yon ogmantasyon ak rediksyon ki posib nan kantite kamyon k ap fè wout la nan sektè a ka anile youn lòt e sa ka lakoz pa gen chanjman nan sikilasyon kamyon toupre kote popilasyon an abite nan sektè a.

[Tablo ES-4. Dispozisyon ki pran pou gen rediksyon ki baze sou rejyon an ak kote a]¹

DISPOZISYON POU DIMINYE ENPAK YO	AVANTAK AK REZILTA REDIKSYON ENPAK YO	5 LANE FINANSMAN	KOTE KI ENPÒTAN	KOTE LAJAN AN AP SOTI	RESPONSAB POU METE L SOU PYE
Rediksyon nan enpak yo nan Nivo Rejyonal					
Plis rediksyon nan peyaj nan lè li ta lannuit yo	Diminye/evite kamyon k ap pran lòt wout pou yo pa peye	\$30 milyon	zòn etid sou jistis anviwònman nan 10 awondisman	Pwogram Peyaj CBD	TBTA
Agrandi Pwogram Kamyon Ki P ap Degaje Eleman Toksik Nan Anviwònman an nan NYC	Rediksyon NOx ak PM _{2.5} apati ~500 nouvo kamyon ki p ap degaje eleman toksik nan anviwònman an	\$20 milyon		Pwogram Peyaj CBD	NYCDOT
Agrandi Pwogram NYCDOT pou Livrezon Lè Wout la pa okipe a	Avantaj ki gen nan sekirite ak rediksyon eleman toksik nan anviwònman an akoz rediksyon nan sikilasyon kamyon pandan jounen an	\$5 milyon		Pwogram Peyaj CBD	NYCDOT
Rediksyon nan enpak yo ki baze sou zòn nan					
Machin ki peye tarif peyaj la k ap pran direksyon nò sou FDR Drive ki soti sou East Houston Street e ki pran direksyon sid sou FDR Drive	Ant 25 ak 35 pousan sikilasyon machin ki pa kamyon ki ogmante sou FDR Drive a te ka diminye.	PA APLIKAB	FDR Drive ant Brooklyn Bridge ak East Houston Street	PA APLIKAB	TBTA
Ranplasman Aparèy Pou Klimatizè Nan Transpò yo (TRU) sou Mache Pwodui Hunts Point lan	Gwo rediksyon nan NOx ak PM _{2.5} akoz ranplasman 1,000 TRU pou pi plis	\$15 milyon ²	Hunts Point	Pwogram CMAQ MTA	NYCDOT
Mete Sou Pye Enfrastruktik pou Kamyon Elektrik	Rediksyon NOx ak PM _{2.5} akoz machin elektrik ki sèvi ak 35 nouvo chajè (nan sèt estasyon)	\$20 milyon	Lèt tou sistèm peyaj yo enstale, n ap mete sou pye yon pwosesis kote n ap fè lòt analiz e n ap gen kolaborasyon moun nan kominote a pou konnen zòn byen presi yo	\$10 milyon Federal CRP + \$10 milyon Pwogram Peyaj CBD	NYSDOT
Plante Pyebwa Bò kot Wout yo Pou Amelyore Kalite Lè a	Amelyore kalite lè a lè nou kapte eleman toksik nan atmosfè a ak ~4,000 pyebwa ak ~40,000 ti pyebwa	\$10 milyon		Pwogram Peyaj CBD	TBTA ak Eta ki Enpòtan yo ak Ajans Lokal yo
Renovasyon Plas Piblik ak Pak ki gen pyebwa nan kominote ki gen moun ki gen po fonse e k ap viv anba limit povrete a	Amelyore byennèt jeneral moun yo nan kominote a, renovasyon 2-5 plas piblik/ pak ki gen pyebwa sa depan de gwosè a ak jan l difisil pou fè travay yo.	\$25 milyon		Pwogram Peyaj CBD	TBTA ak Eta ki Enpòtan yo ak Ajans Lokal yo
Enstale Aparèy pou Filtre Lè a nan Lekòl ki Toupre Otowout yo	Retire eleman toksik nan anviwònman nan klas yo. 25-40 lekòl sa depan de gwosè lekòl yo ak kantite travay ki gen pou fèt nan sistèm HVAC a.	\$10 milyon		Pwogram Peyaj CBD	TBTA ak Eta ki Enpòtan yo ak Ajans Lokal yo
Mete sou pye Pwogram ak Sant Jesyon Ka Opresyon	Diminye kantite moun k ap entène ak vizit kay doktè yo, diminye jou ak nuit ki gen sentom ak kantite jou lekòl timoun rate - pwogram pou elaji 25 lekòl pou pi plis	\$20 milyon		Pwogram Peyaj CBD	NYC DOHMH

¹ Yo dispoze yon lòt \$5 milyon dola pou rediksyon ak amelyorasyon dispozisyon ki gen rapò ak siveyans nan lòt domèn, asanm ak 47.5 milyon dola pou peyaj pou moun ki gen revni ki fèb yo gen rabè jan nou te wè sa a pi wo a. Dispozisyon pou fè amelyorasyon yo gen ladan yo suiv kalite lè a sa k ap agrandi rezo ki responsab pou suiv la ki nan NYC. N ap chwazi zòn yo pandan n ap reflechi sou sikilasyon an ak analiz ki fèt sou kalite lè a na EA a epi an kolaborasyon ak moun ki fè pati kominote moun yo gen po fonse e y ap viv anba limit povrete a ak eta ki enpòtan yo ak ajans lokal yo. Sa pral konplete dispozisyon ki pran pou diminye enpak yo nan kivo rejyonal e ki baze sou zòn yo ki gen rapò ak chofè k ap pran lòt wout pou yo evite peye jan sa mansyone nan Tablo ES-5 (gade chapit 10, "Kalite Lè a," pou plis detay).

² Apre twa lane, nenpòt lajan ki rete ki te la pou chanje TRU yo ka sèvi pou fè tike pou ranplase kamyon yo ak kamyon ki p ap degaje eleman toksik grasa Pwogram Kamyon ki P ap Degaje Eleman Toksik NYC a.

Pwosesis pou anplasman definitif dispozisyon pou diminye enpak yo. Nan sèt dispozisyon n ap pran ki baze sou zòn yo pou diminye enpak yo, gen senk ladan yo ki ka gen chanjman kote yo ka mete yo sou pye, pandan peyaj pou mouvman k ap fèt nan CBD Manhattan ki nan East Houston Street la ak chanjman aparèy klimatizasyon nan transpò yo (TRU) NAN Hunts Point Market koresponn pou zòn presi sa yo.

Lèt tou sistèm peyaj yo enstale, n ap mete sou pye yon pwosesis kote n ap fè lòt analiz e n ap gen kolaborasyon moun nan kominote a pou konnen zòn byen zòn pou lòt senk dispozisyon ki baze sou zòn yo (pa egzanp nan ki lekòl pou n enstale aparèy pou filtre lè a, oswa sou ki wout pou n plante pyebwa). Sa ap mande pou Sipòtè Pwojè yo, Gwoup ki nan Kominote Kote Po Moun yo fonsè e y ap viv anba limit povrete a (ki reprezante 10 awondisman nan zòn sa a, e jan sa dekri plis nan Tablo ES-6 la), kominote k ap resevwa rediksyon enpak yo ki baze sou zòn nan, ak ajans lokal k ap mete dispozisyon yo sou pye, pou yo mete tèt yo ansanm, e sa gen ladan l nesosite pou gen evalyasyon ki fè ak verifikasyon ki nòmal pou gade tout posibilite ki genyen.

Sipòtè Pwojè yo pral kolabore ak ajans ki la pou met dispozisyon yo sou pye a atravè angajman piblik ki gentan an plas ak pwosesis patisipasyon yo pou apre sa yo ka bay priyorite epi chwazi zòn presi yo. Zòn presi k ap wè rediksyon enpak yo ki baze sou zòn nan ap disponib pou piblik la ka li sou sit entènèt Pwojè a, ansanm ak imel dirèk manm nan piblik la ki te enskri pou yo resevwa mesaj konsènan Pwojè a.

Eleman presi ki montre sa posib la ak kalite angajman yo varye sa depan de dispozisyon pou diminye enpak yo e yo ka gen ladan yo:

- **Enfrastrikti pou Kamyon Elektrik:** Yo pral mete dispozisyon sa pou diminye enpak yo sou pye atravè Pwogram Federal pou Rediksyon Kabòn (CRP) k ap sèvi ak finansman yo resevwa nan men NYSDOT e l ap gen limit li nan zòn Nouyòk la sèlman. Konsiderasyon ki gen rapò ak anplasman yo ap gen ladan l enpak vizyèl, kote ki toupre otowout yo (pou diminye sikilasyon sou wout lokal yo), ak etid sou enpak sikilasyon ak bri yo ka genyen. Etid NYMTC Clean Freight Corridors – se yo etid ki devlope grasa òganizasyon planifikasyon nan zòn metwopoliten e yo te pran ide nan men transpò sou wout la, konpayi sèvis yo, konpayi ki vann/distribiye enfrastrikti ki gen rapò ak gaz, moun k ap jere kamyon ki kanpe sou wout la, konpayi ki jere kesyon imobilye pou izin, ak kominote ak òganizasyon k ap milite yo – ap la pou idantifye zòn ki dwe fè pati priyorite a. Gwoup sa yo pral angaje yo ankò, jan sa nesese, ansanm ak otorite nan eta ak sa ki lokal yo, pou di sa yo panse nan moman y ap idantifye zòn ki ta dwe an priyorite yo.
- **Plante Pyebwa Pou Amelyore Kalite Lè a Bò Wout yo:** Sipòtè Pwojè yo pral kolabore ak ajans enpòtan ki lokal e ki nan eta a pou evalye espas ki disponib sou wout la ak plant ki gentan sou wout la, ansanm ak aksè ak reparasyon ki gen pou fèt, pou idantifye zòn ki apwopriye ki toupre batiman ki sansib (tankou lekòl, gadri, sant pou granmoun oswa ki nan kominote a, lokal pou pran detant ki deyò) kòm zòn pou plante nouvo plant. Pou nou adapte ak priyorite ki gen nan kominote a, Sipòtè Pwojè yo pral pale ak manm nan kominote yo, otorite moun te vote yo, ak Gwoup ki nan katye kote po moun yo fonsè e y ap viv anba limit povrete a.
- **Plas Piblik ak Pak ki gen pyebwa nan kominote ki gen moun ki gen po fonsè e k ap viv anba limit povrete a:** Sipòtè Pwojè yo pral kolabore ak ajans enpòtan ki nan eta e sa ki lokal yo pou gade kote l posib pou fè plas piblik ak pak ki gen pyebwa nan kominote ki touche yo, sa gen ladan l pak ki la deja yo kote nou ka agrandi kote pou fè jaden, plante pyebwa, oswa kote gen lòt amelyorasyon ki gen pou fèt. Ajans yo pral mande pou mete kèk zòn an priyorite ak bonjan tretman pou Gwoup moun po yo fonsè e y ap viv anba limit povrete a, otorite lokal yo, ak lòt manm nan lòt kominote.

- **Aparèy pou Filtre Lè a nan Lekòl ki Toupre Otowout yo:** Sipòtè Pwojè yo pral kolabore ak otorite nan lekl ki plis bezwen yo pou evalye sa yo bezwen epi analize posibilite ki genyen pou amelyore sistèm filtrasyon yo gen anplas nan lekòl yo nan sektè resansman ki a 300 mètr otowout kote nou prevwa ap gen plis sikilasyon kamyon. Eleman yo ap gen ladan yo fason sistèm HVAC ki la deja yo ap fèt ak fason yo travay, nan ki pwèn batiman an pre otowout yo, ak kantite moun nan zòn nan ki fè opresyon, ansanm ak pwojè enfrasitriki ki planifye yo. Sipòtè Pwojè yo pral travay ak ajans enpòtan ki nan eta ak sa ki lokal yo e y ap mande kontribisyon manm kominote yo pou yo gade zòn kote amelyorasyon aparèy pou filtre lè a ap pi itil.
- **Pwogram ak Sant Jesyon Ka Opresyon: Rediksyon sa ap gen enpak sou siksè pwogram ki deja ap dewoule nan vil la k ap fonksyone nan senk awondisman nan Vil Nouyòk.**
 - ❖ **Pwogram Jesyon Ka Opresyon – Ministè Sante ak Sante Mantal NYC (DOHMH) ap fè yon evalyasyon bezwen yo pou idantifye lekòl ki fè pati sektè resansman yo ki gen yon gwo kantite moun ki gen opresyon. Anplis, NYC DOHMH pral pale ak direktè lekòl yo konsènan agrandisman Pwogram Jesyon Ka Opresyon an e y ap mande kontribisyon Gwoup ki sotè kote po moun yo fonsè e y ap viv anba limit povrete a, paran yo, ak lòt manm kominote lòt kominote yo pou zòn ki gen priyorite ki ta dwe an priyorite ak fason pou bi byen rive sou fanmi timoun ki fè opresyon yo.**
 - ❖ **Sant pou moun ki fè opresyon – Pou n chwazi zòn nan Bronx yo, n ap gade kantite moun ki fè opresyon, kantite moun ki nan popilasyon an, fason yo pre batiman ki sansib yo, nan ki zòn batiman ak sèvis ki la deja yo ye, nan ki pwèn l fasil pou gen fè wout la nan transpò piblik, ak si espas ki ka pran pwojè a disponib. NYC DOHMH pral travay ak manm nan kominote yo pou yo di sa yo panse sou metòd planifikasyon ak sansibilizasyon yo pou asire nou sant la bay plis avantaj posib pou moun ki fè opresyon yo.**

Èske dispozisyon pou diminye enpak yo ap chanje rezilta EA a?

Repons ki kout la se non, dispozisyon pou diminye enpak yo pa bezwen chanjman nan senaryo peyaj nou te itilize nan analiz nou te fè nan EA a, ni li pa chanje konklizyon fondamantal EA te fè yo. Nan dènye vèsyon EA a, Sipòtè Pwojè yo angaje yo pou yo pran yon kantite dispozisyon pou diminye enpak yo ki gen konsekans sou fason sistèm peyaj la fè ak/oswa sa Pwogram Peyaj CBD a ap koute. Sa gen ladan l: 1) plis rabè nan montan peyaj pou kamyon yo ak lòt mwayen transpò; 2) peyaj yon fwa pa jou sèlman pou taksi ak FHV yo; 3) dispozisyon pou diminye enpak yo pou abòde ogmantasyon nan sikilasyon an nan kèk kominote kote po moun yo fonsè e y ap viv anba limit povrete a akòz chofè k ap pran lòt wout pou yo ka pa peye akòz Pwojè a; al 4) yon rabè nan peyaj la pou chofè ki gen revni fèb ki pran wout la souvan pandan premye senk lane Pwojè a ap sou pye a.

Toutpandan kèk nan senaryo peyaj nou te analize nan EA a koresponn ak tretman sa a nou bay taksi ak FHV yo (Senaryo Peyaj B, F, ak senaryo ki te gen chanjman yo ki se A, D, ak G), pa gen youn ki gen rabè anplis pou peyaj lè l ta lannuit la oswa rabè nan peyaj la pou chofè ki gen revni ki fèb yo. Se poutèt sa, nou te fè plis analiz pou nou asire nou ak dispozisyon pou diminye enpak sa yo, rezilta Pwojè a ka genyen ap toujou tonbe nan kategori nou te etidye nan EA a.

Pou nou analize lòt rezilta dispozisyon pou diminye enpak yo ap genyen, nou te kreye yon senaryo peyaj lè n te sèvi ak Senaryo B1 ki gen chanjman ladan l kòm fondman (yon vèsyon Senaryo B a ki reponn ak sa nou vize nan kesyon revni, jan sa dekri nan Apendis 2E, paj 2E-2; ak Apendis 4A, pak 4A.2-1). Senaryo Peyaj sa gen ladan l yon limit sou peyaj pou taksi ak FHV ki se yon fwa pa jou ak yon peryòd ki gratis sotè 12:00 AM pou rive 6:00 PM pou tout mwayen transpò nèt, menm kamyon yo ladan l. Pou analiz sa a, tan ak rediksyon sou peyaj la pou dispozisyon pou diminye enpak koye gen plis rabè pandan lè

li ta lannuit la te agrandi plis pase sa nou te atann nan Dènye Vèsyon EA a (peyaj ki 50 pousan oswa pi ba pase peyaj nan lè ki gen anpil aktivite yo soti omwen 12:00 AM pou rive 4:00 AM) pou rive jwenn nenpòt diferans nan rezilta nan senaryo peyaj nou te itilize nan EA a. Senaryo modifiye sa - sa nou rele B2 nan tèks ki annapre a - montre dispozisyon pou diminye enpak ki dekri nan Dènye Vèsyon EA a t ap antre nan Pwogram Peyaj CBD a, ak yon konsekans posib k ap toujou tonbe nan kategori rezilta nou te analize nan senaryo peyaj nou gen kounya. Yon fason presi:

- 1. Objektif VMT ak kantite rediksyon Pwojè a. Senaryo Peyaj B2 a gen pou konsekans yon rediksyon VMT ki se 8.4 pousan ak yon 17 pousan rediksyon nan kantite mwayen transpò k ap antre nan CBD Manhattan. Sa yo nan nivo enpak nou te analize deja nan EA (ki dekri nan Tablo 4A-7 ak 4A-5).*
- 2. Tarif peyaj la. Senaryo Peyaj B2 a bezwen yon peyaj E-ZPass lè gen anpil aktivite ki nan \$13.20, sa ki rete nan nivo senaryo peyaj ki nan EA a (gade Tablo 2-3).*
- 3. Revni nou sibler. B2 reponn ak kritè pou revni nou sibler a, li kreye \$1.07 milya, sa ki sifi pou kouvri depans pou dispozisyon pou diminye enpak yo Sipòtè Pwojè yo te dispoze nan dènye vèsyon EA a (sa gen ladan l rabè nan tarif peyaj la pou chofè ki gen revni ki fèb yo) epi, yon lòt fwa ankò, li pa depase nivo nou te prevwa nan senaryo yo nan EA a.*

Sa k enpòtan an, sèke, piske enpak yo rete nan nivo nou te idantifye pi wo a, Senaryo Peyaj B2 a pa t ap gen enpak sou posibilite pou chofè yo pran lòt wout pou yo pa peye (otowout ak entèseksyon), oswa kalite lè a, oswa popilasyon kote po moun yo fonsè e y ap viv anba limit povrete a, anplis de sa nou te gentan dekri nan EA a.

- 4. Divèsyon nan sikilasyon nan kominote ki gen moun ki gen po fonsè e k ap viv anba limit povrete a. Pami senaryo peyaj nou te analize nan EA a pou divèsyon nan sikilasyon an ki toupre kominote ki gen moun ki gen po fonsè e k ap viv anba limit povrete a, Senaryo Peyaj B a gen plis ogmantasyon kamyon sou Cross Bronx Expressway nan Macombs Road (gade Chapit 10, "Kalite Lè a," Seksyon 10. 3.2.3). Senaryo Peyaj B2 a t ap gen mwenn kamyon nan pati sa a konpare ak Senaryo B a e li t ap vin gen plis kamyon nan nivo nou te analize nan de lòt zòn kote analiz nou te fè pou otorout la nan EA (I-95 pati lwès George Washington Bridge, ak toupre Robert F. Kennedy Bridge Queens).*

Sipòtè Pwojè yo vin wè enpak sikilasyon an ak rabè sou peyaj pou chofè ki gen revni ki fèb yo tonbe nan nivo konsekans yo te analize nan senaryo peyaj nan EA, pou ti kantite chofè ki gen revni ki fè ki fè wout la souvan yo ki pa gen lòt opsyon, parapò ak kantite chofè yo antou.

Jan nou te wè sa a, Senaryo Peyaj B2 a gen ladan l yon peryòd gratis soti 12:00 AM pou rive 6:00 AM, sa ki yon tarif ki pi ba e yon peryòd ta lannuit ki pi long pase sa lalwa mande oswa sa nou te di nan vèsyon final EA a. Anplis, Senaryo Peyaj B2 a gen ladan l de lòt eleman ki lalwa pa mande e li pa fè pati angajman ki te pran nan vèsyon final EA a pou diminye enpak yo – yon limit nan peyaj yo pou kamyon yo de fwa pa jou epi yon eksepsyon pou tout bis yo. Se yon lòt prèv ki montre angajman pou diminye enpak yo nan dènye vèsyon EA a pa t ap gen plis enpak pase sa nou te dekri deja yo. Sa k pi enpòtan an, lòt analiz nou fè a montre chanjman sa yo ki fèt nan senaryo peyaj yo pa chanje konklizyon fondamantal ki nan EA.]

Nan ki fason piblik la patisipe?

Sipòtè Pwojè yo mete sou pye yon plan sansibilizasyon piblik ak sansibilizasyon ajans solid pou mande opinyon abitan yo, biznis yo, ajans Federal/rejyonal/eta/lokal yo nan 28 awondisman nou te konsidere kòm domèn etid. Yo bay enfòmasyon sou Pwojè ak pwosesis yo sou sit entènèt Pwojè a, yon Fèy Enfòmasyon sou Pwojè a, sou rezo sosyal, imèl dirèk ak plizyè medya ekri. Pandan peryòd Sansibilizasyon an, yo te fè 10 sansibilizasyon piblik vityèl ak 9 seminè sou jistis anviwònmantal sou entènèt, sa fè yon total 19 seyans. Yo te bay sila yo ki te voye kesyon faktyèl ekri, teknik ak lojistik ki gen rapò avèk Pwojè a ak pwosesis yo repons an tan reyèl. Seminè sou entènèt yo, ki rete disponib pou gade, te difize an dirèk sou YouTube ak yo te poste yo aprè sou YouTube pou moun ki mande pou gade yo. Nan Fevriye 2022 a, te gen 14 000 moun ki te gade anrejistreman sa yo, ki melanje. Yo te mande moun ki te patisipe nan reyinyon yo si yo vle pou yo ranpli yon sondaj; sou 309 repons yo resevwa, yon tyè nan yo idantifye te idantifye tèt yo kòm minorite.

[Nou te mete EA deyò pou piblik la ka li 10 Out 2022, nou te mete yon peryòd 30 jou pou piblik la di sa yo panse, e apre nou te pwolonje pou 14 jou jiska 23 septanm 2022, aprè demann nou te resevwa pou sa. Pandan peryòd kòmantè ki te dire 44 jou a, plis pas 14,000 moun te voye repons e nou te resevwa plis pase 55,000 lèt. Anpil nan repons sa yo te gen plizyè kòmantè ladan yo, sa ki fè nou te gen plis pase 22,000 kòmantè moun fè Sipòtè Pwojè ak FHWA yo te ranmase grasa imel, lapòs, mesaj voka, ak fòmilè sou entènèt, ansanm ak temwayj moun fè nan sis odyans vityèl ki te fèt konsènan EA a. Pandan odyans vityèl ki te fèt yo, te gen 552 moun te pran lapawòl pou bay temwayaj yo e anpil lòt te patisipe nan evènman an dirèk nou te fè yo oubyen ki te gade yo apre sou sit entènèt Pwojè a oswa sou YouTube (plis pase 11,200 moun ki gade nan mwa Desanm 2022).]

Pou ankouraje bonjan angajman popilasyon ki gen po nwa e k ap viv anba limit povrete a, FHWA ak Sipòtè Pwojè yo te fè ti reyinyon ki pi piti nan fòm gwoup konseye teknik ak yon gwoup ki konsène k ap travay.

Gwoup Konseye Teknik Jistis Anviwònmantal. FHWA ak Sipòtè Pwojè yo te envite dirijan kominote yo ak reprezantan gwoup defans yo ki gen konesans ak eksperyans avèk popilasyon ki gen po fonse e k ap viv anba limit povrete a pou yo patisipe. Te gen trann-sèt gwoup ki te envite, te gen 16 gwoup ki te aksepte, epi 14 te patisipe nan youn oswa plis nan reyinyon yo jiska prezan. Gwoup Konseye Teknik Jistis Anviwònmantal la te reyini twa fwa avan piblikasyon EA sa a e[, **apre sa, kat fwa nan mwa Janvye 2023].**

Gwoup Moun ki Konsène k ap Travay nan Jistis Anviwònmantal. Pandan sansibilizasyon ki te fèt la, moun nan popilasyon an atravè zòn etid la te an mezi pou mande pou yo patisipe oswa sigjere lòt moun pou patisipe nan gwoup sa a nan itilize yon fòmilè sou sit entènèt Pwojè a oswa kontakte Sipòtè Pwojè yo. Tout venn-sèt moun ke yo te nome yo oswa ki te fè konnen yo enterese pou patipe yo te jwenn envitasyon pou rejwenn Gwoup Travay la, epi gen 22 moun ki te patisipe nan youn oswa tou de reyinyon yo. Gwoup sa a te reyini de fwa anvan piblikasyon EA sa a epi yo te reyini ankò pandan peryòd kòmantè konsènan EA a

Respons Sansibilizasyon Jistis Anviwònmantal

Kòm yon aksyon endepandan, Atyèlman MTA ap chanje flòt bis li yo pou l itilize bis elektrik. MTA pran angajman pou l mete priyorite sou kominote tradisyonèlman ki defavorize ak sila yo move kalite ak chanjman klimatik fè enpak sou yo epi devlope yon nouvo estrikti Nòt Jistis Anviwònmantal pou antre priyorite sa yo nan pwosesis deplwaman pwogresif tranzisyon an.

Daprè komantè yo jwenn pandan sansibilizasyon ki te fèt pou Pwogram Peyaj CBD a ak enkyetid manm kominote ki gen moun ki gen po fonse e k ap viv anba limit povrete a te souleve, MTA pran angajman pou l priyoritize Kingsbrige Depot ak Gun Hill Depot, tou de twouve yo nan Upper Manhattan ak Bronx, lè yo resevwa bis elektrik yo ki nan gwo acha MTA gen pou l fè pou achte bis elektrik, ki te [kòmansè] nan [fen] 2022 a. Efò sa ke MTA ap fè pou kont li pral bay avantaj pou bon kalite lè nan kominote jistis anviwònmantal yo nan Bronx.

Nan tou de gwoup yo, se patisipan yo ki te mennen òdonans yo pandan ke Sipòtè Pwojè yo t ap koute ak reponn kesyon yo. Konvèsasyon ki te fèt pandan seyans sa yo, ansanm avèk kòmantè ki te fèt pandan sansibilizasyon piblik yo ak seminè jistis anviwònmantal ki te fèt sou entènèt yo, te fè Sipòtè Pwojè yo fè plis analiz e devlope plis dispozisyon pou diminye enpak yo ***[jan sa te dekri anvan sa a]***.

Tablo ES-[5]. Rezime Benefis ak Efè pou Opsyon Peyaj CBD pa Rapò a Senaryo Peyaj yo.

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWÒNMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
4A – Transpò: Konsekans Transpò Rejyonal yo ak Modèl	Kantite Mwayen Transpò		Zòn kwazman pou ale CBD Manhattan	% Ogmante oswa diminye kantite veyikil k ap antre nan CBD Manhattan pa rapò a Okenn Aksyon Altènatif	-15%	-16%	-17%	-19%	-20%	-18%	-17%	Non	Pa gen kontwòl ki nesesè. Enpak Pozitif
	Vwayaj sou machin pou ale CBD Manhattan	Diminye kantite vwayaj veyikil yo fè chak jou CBD Manhattan anjeneral. Kèk devyasyon nan diferan kwazman nan CBD Manhattan oswa ozalantou CBD Manhattan, toudepan de senaryo pèman an. Pandan trafik la, ak vwayaj kamyon yo, ogmante sou kèk otowout ki fèt an won, an menm tan an tou genyen yon rediksyon nan trafik sou lòt branch otowout yo nan CBD. Deviyasyon yo pral ogmante oswa diminye volim trafik la nan entèseksyon lokal yo tou prè kwazman CBD Manhattan yo.	CBD Manhattan	% Ogmante oswa diminye kantite vwayaj sou machin travayè yo fè pou ale CBD Manhattan relativ a Okenn Aksyon Altènatif Bonjan ogmantasyon oswa redikyon nan vwayaj travayè yo fè chak jou pou ale CBD Manhattan relativ a Okenn Aksyon Altènatif	-5%	-5%	-7%	-9%	-11%	-10%	-6%	Non	Pa gen kontwòl ki nesesè. Enpak Pozitif
	Pakou Kamyon yo nan CBD Manhattan		CBD Manhattan	% Ogmante oswa diminye pakou kamyon yo chak jou nan CBD Manhattan (ki san orijin oswa san destinasyon nan CBD) relativ a Okenn Aksyon Altènatif	-4645 (-55%)	[-4,967] (-59%)	-5253 (-63%)	-5687 (-68%)	-6604 (-79%)	-6784 (-81%)	[-1,734] (-21%)	Non	Pa gen kontwòl ki nesesè. Enpak Pozitif
	Vwayaj Transpò	Anjeneral I ap diminye kantite milyaj veyikil yo vwayaje (VMT) nan CBD Manhattan ak nan rejyon an anjeneral nan tout senaryo peyaj yo ak kèk chanjman soti nan veyikil ale nan mod transpò komen.	CBD Manhattan	% Ogmante oswa diminye nan transpò an komen chak jou nan CBD Manhattan ki lye a Okenn Aksyon Altènatif	+1 to +3%							Non	Pa gen kontwòl ki nesesè. Okenn Enpak negatif
	Rezilta Trafik		CBD Manhattan		-9% to -7%							Non	Pa gen kontwòl ki nesesè. Enpak Pozitif nan CBD Manhattan, Vil New York (ki pa-CBD), pati nò Vil New York ak Connecticut; menmsi ap gen ogmantasyon VMT nan Long Island ak New Jersey, enpak yo p ap negatif.
			NYC (CBD non-Manhattan)		-1 to 0%								
			Nouyòk pati nò NYC	% Ogmante oswa diminye nan VMT chaj jou san Okenn Aksyon Altènatif	-1% to 0%								
			Long Island		Mwens ke (+) 0,2% chanjman								
			New Jersey		Mwens ke (+) 0,2% chanjman								
		Connecticut			Mwens ke (+) 0,2% chanjman								

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWÒNMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
4B – Transpò: Otowout ak Entèseksyon Lokal	Trafik – Branch Otowout	<p>Entwodiksyon Pwogram Peyaj CBD ka ogmante blokis sou branch otowout ki pwòch wout ki gen koub yo pou evite peyaj CBD Manhattan, ki ka lakoz yon ogmantasyon nan reta ak fil atant nan midi ak aprè midi sou sèten branch nan kèk senaryo peyaj.</p> <ul style="list-style-type: none"> Direksyon lwès Long Island Expressway (I-495) prè Tinèl Queens-Midtown Tunnel (midi) Pwòch direksyon lwès Pon George Washington sou I-95 (midi) Direksyon Sid ak direksyon nò FDR Drive ant East 10th Street ak Brooklyn Bridge (PM) Lòt kote yo pral wè yon rediksyon nan blokis la sitou sou wout ki tou prè CBD Manhattan yo. 	<p>10 branch otowout (AM)</p> <p>10 branch otowout (nan mitan jounen an)</p> <p>10 branch otowout (Aprè Midi)</p>	Branch otowout ki gen reta ki ogmante ak fil atant nan lè kote trafik la anbarase ap lakoz efè negatif	0 sou 10 koridò otowout nan senaryo peyaj yo analize yo (Senaryo Peyaj D)							Wi	<p>Gen kontwòl ki nesèsè. Sipòtè Pwojè yo pral reyalize yon plan kontwòl anvan reyalizasyon ak aprè reyalizasyon enfòmasyon ki rasanble yo anviwon twa mwa aprè kòmansman [Peyaj la] operasyon yo ak limit; si yo antre oswa travèse limit yo, Sipòtè Pwojè yo pral aplike plizyè mezi Jesyon Demand Transpò (TDM), tankou mezi ranp, moun ki sou moto k ap bay enfòmasyon, siyalizasyon sou tout otowout ke yo dezinye ki gen efè negatif nan reyalizasyon Pwojè a. [NYSDOT posede epi pran swen pati nan otowout Long Island Expressway ak I-95. Pati nan otowout FDR ki pou NYSDOT pati sid Montgomery Street ak pati nò Montgomery Street. Lè y ap mete dispozisyon sa yo sou pye se pwopriyete otowout yo k ap aranje sa e pwopriyete otowout yo ak byen ki sou otowout yo enpètan pou mete TDM nan sou pye.]</p> <p>Aprè yo fin mete sou pye [dispozisyon TDM yo], Sipòtè Pwojè yo pral kontwole efè yo, si sa nesèsè, TBTA pral chanje tarif pèman yo, kredi pou travèse, eksepsyon ak/oswa rabè [nan kritè orè pou peyaj nou chwazi a] pou diminye enpak negatif yo.</p>
	Entèseksyon	<p>Chanjman nan modèl trafik yo, avèk ogmantasyon nan trafik nan kèk lokal ak rediksyon nan kèk lòt, ap chanje kondisyon nan kèk entèseksyon lokal tou prè ak nan CBD Manhattan. Nan 102 entèseksyon yo analize yo, nan pifò entèseksyon reta yo ap diminye.</p> <p>Efè negatif potansyèl nan kat entèseksyon lokal yo nan Manhattan: Ri Trinity Place ak Edgar (midi); Ri East 36th ak Dezyèm Avenue (midi); Ri East 37th ak Twazyèm Avenue (midi); Ri East 125th ak Dezyèm Avenue (Maten, Aprè Midi)</p>	<p>363 lokal (Tout jounen an)</p> <p>102 zòn (Maten)</p> <p>102 zòn (nan mitan jounen an)</p> <p>102 zòn (Aprè Midi)</p> <p>57 zòn (nan nwit)</p> <p>4 zòn</p>	<p>Kantite ka entèseksyon ki gen ogmantasyon nan volim 50 oswa plis veyikil nan lè anbarase yo.</p> <p>Zòn ki gen enpak negatif potansyèl reglaj tan siyal yo [pral] rezoud</p>	<p>9</p> <p>10</p> <p>24</p> <p>50</p> <p>48</p> <p>50</p> <p>10</p>	<p>2</p> <p>2</p> <p>1</p> <p>1</p> <p>5</p> <p>0</p>	<p>3</p> <p>3</p> <p>4</p> <p>1</p> <p>1</p> <p>16</p> <p>0</p>	<p>3</p> <p>3</p> <p>16</p> <p>10</p> <p>21</p> <p>4</p>	<p>3</p> <p>3</p> <p>16</p> <p>9</p> <p>20</p> <p>4</p>	<p>3</p> <p>3</p> <p>17</p> <p>9</p> <p>21</p> <p>4</p>	<p>2</p> <p>0</p> <p>1</p> <p>5</p> <p>0</p>		

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWÒNMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
4C – Transpò: Transpò Piblik	Sistèm Transpò	Pwojè a pral kreye yon sous revni ki dedye pou envesti nan sistèm transpò komen an. Pakou transpò a ap ogmante pa 1 a 2 pousan nan tout sistèm nan pou vwayaje ale ak soti CBD Manhattan, paske kèk moun pral pran transpò piblik olye ke yo kondi. Ogmante nan pakou transpò komen p ap gen efè negatif sou kapasite line-haul sou nenpòt wout transpò komen.	Transpò Vil New York	%Ogmante oswa diminye nan kantite trajè transpò a chak jou nan tout semèn.	1,5% a 2,1%							Non	Pa gen kontwòl ki nesesè. Okenn Enpak negatif
			CHEMEN		0,8% a 2,0%								
			Long Island Rail Road		0,6% a 2,0%								
			Metro-North Railroad		0,6% a 1,9%								
			Vwayaje pou ale travay nan tren NJ TRANSIT		0,3% a 2,3%								
			Bis MTA/NYCT		1,3% a 1,6%								
			Bis NJ TRANSIT		0,5% a 1,1%								
			Lòt bis (operatè banlye ak operatè prive)		0,0% a 0,9%								
			Bak (Tren Staten Island, Bak NYC, NY Waterway, Seastreak)		2,5% a 3,5%								
			Tram Roosevelt Island		1,7% a 4,1%								
	Efè Sistèm Bis	Diminye nan volim trafik nan CBD Manhattan ak tou prè fwontyè CBD Manhattan 60th Street ap redui blokis ki gen efè negatif sou fonksyonman bis, fasilite plis vwayaj fyab e pi rapid.	%Ogmante oswa diminye o maksimòm estasyon pasaje yo	Bis lokal Manhattan	Ogmante soti 0,5% a 1,2%							Non	Pa gen kontwòl ki nesesè. Okenn Enpak negatif
				Bis express Bronx	-1,6% a 2,2%								
				Bis express ak bis lokal Queens yo (atravè Pon Ed Koch Queensboro)	2,0% a 2,8%								
				Bis express Queens (atravè Tinèl Queens-Midtown)	-1,3% a 4,1%								
				Bis dirèk ak bis lokal Brooklyn	1,3% a 2,6%								
				Wout express Staten Island (pa Brooklyn)	3,7% a 4,5%								
				Wout express Staten Island (atravè NJ)	1,0% a 2,8%								
				Bis NJ/West Hudson (atravè Tinèl Holland)	-1,4% a 1,4%								
				Bis NJ/West Hudson (atravè Lincoln Tunnel)	0,4% a 1,5%								

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWÒNMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
4C – Transpò: Transpò (Cont'd)	Eleman Vwayaj	<p>Ogmantasyon trajè yo ap fè efè sou kantite pasaje avèk risk pou efè negatif nan kèk eleman sikilasyon vètikal (sa vle di eskalye ak eskalye mekanik) nan senk estasyon transpò:</p> <ul style="list-style-type: none"> Estasyon Hoboken Terminal, Hoboken, NJ PATH Estasyon tren Times Sq-42 St/42 St-Port Authority Bus Terminal nan CBD Manhattan (N, Q, R, W, ak S; Nos. 1, 2, 3, ak 7; ak liy A, C, E) Estasyon tren Flushing-Main St, Queens (No. 7 liy) Estasyon tren 14th Street-Union Square nan CBD Manhattan (Nos. 4, 5, ak 6; ak L, N, Q, R, W lines) Estasyon tren Court Square, Queens (No. 7 ak liy E, G, M) 	Estasyon Hoboken Terminal–PATH (NJ) Eskalye 01/02	Kantite pasaje yo ogmante oswa nan eskalye yo nan lè ki anbarase	45	72	122	164	240	205	139	Wi	Gen kontwòl ki nesèsè pou Senaryo Peyaj E ak F. TBTA pral travay avèk NJ TRANSIT ak PANYNJ pou kontwole volim pyeton sou Eskalye 01/02 yon fwa pa mwa avan operasyon peyaj yo kòmanse pou etabli yon baz, e de mwa aprè operasyon Pwojè a fin kòmanse. Si yon konparezon kantite pasaje ki nan Eskalye 01/02 ak aprè aplikasyon Pwojè a montre yon chanjman ki pi gwo oswa egal a 205, TBTA pral travay avèk NJ TRANSIT ak PANYNJ pou fè amelyorasyon nan sinyalizasyon ak jwenn yon fason pou devye kèk moun pou yo pa pran Eskalye 01/02 a, ak plis anplwaye si sa nesèsè.
			Estasyon tren 42 St-Times Square–square Eskalye (Manhattan) ML6/ML8 ki konekte mezzanine avèk platfòm tren anba tè uptown liy 1/2/3	Bonjan ogmantasyon oswa rediksyon nan volim pasaje nan estasyon ANJENERAL pa rapò avèk Senaryo Peyaj E a (pa sèlman nan eskalye oswa zòn ki afekte) nan lè ki anbarase, peryòd ki anbarase	63%	59%	68%	82%	100%	82%	56%	Wi	Gen kontwòl ki nesèsè. TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou reyalize yon plan kontwòl pou lokal sa a. Plan an pral idantifye yon baz, lè presi, ak yon limit pou pran plis mezi. Si yo franchi limit sa a, TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou retire bawo santral la epi estandadize sak pou ki pou fè mach eskalye a monte a, pou eskalye a ka rankontre avèk kòd la san bawo a. Y ap fikse limit la pou pèmèt gen ase tan pou fè kontwòl la pou efè negatif la pa rive.
			Estasyon tren anba tè Flushing-Main St (Queens)–Eskalye mekanik E456 ki konekte ri avèk mezzanine	Bonjan ogmantasyon oswa rediksyon nan volim pasaje nan estasyon ANJENERAL pa rapò avèk Senaryo Peyaj E a (pa sèlman nan eskalye oswa zòn ki afekte) nan lè ki anbarase, peryòd ki anbarase	116%	91%	108%	116%	100%	133%	72%	Wi	Gen kontwòl ki nesèsè. TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou reyalize yon plan kontwòl pou lokal sa a. Plan an pral idantifye yon baz, lè presi, ak yon limit pou pran plis mezi. Si yo franchi limit sa a, MTA NYCT pral ogmante vitès la soti 100 pye pa minit (fpm) a 120 (fpm).
			Estasyon tren Union Sq subway station (Manhattan)–Eskalye mekanik E219 ki konekte platfòm L subway line avèk Nos. 4/5/6 line mezzanine	Bonjan ogmantasyon oswa rediksyon nan volim pasaje nan estasyon ANJENERAL pa rapò avèk Senaryo Peyaj E a (pa sèlman nan eskalye oswa zòn ki afekte) nan lè ki anbarase, peryòd ki anbarase	63%	82%	87%	102%	100%	95%	61%	Wi	Gen kontwòl ki nesèsè. TBTA pral travay avèk MTA NYCT pou reyalize yon plan kontwòl pou lokal sa a. Plan an pral idantifye yon baz, lè presi, ak yon limit pou pran plis mezi. Si yo franchi limit sa a, MTA NYCT pral ogmante vitès eskalye mekanik la soti 100 fpm a 120 fpm.

CHAPIT EA / KATEGORI KI GEN RAPÒ AK ANVIWÒNMAN AN	SIJÈ	RAPÒ KONSÈNAN ENPAK YO	ZÒN	DAT KI AFICHE NAN TABLO A	SENARYO PEYAJ							EFÈ NEGATIF POTANSYÈL	KONTWÒL AK AMELYORASYON
					A	B	C	D	E	F	G		
